**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**Қаракалпақ әдебияти кафедрасы**

# ҲӘЗИРГИ ӘДЕБИЙ ПРОЦЕСС ПӘНИ БОЙЫНША ЛЕКЦИЯ ТЕКСТ

**Бакалавр бағдары** **5120100 – Филология ҳәм тиллерди оқытыў (қарақалпақ филологиясы)**

**Дузиўши: Ж.Сагидуллаева**

Нөкис - 2018

**1 ТЕМА Кирисиў. Пәнниң мақсети ҳәм ўазыйпалары.**

**Жоба:**

1. **Ҳәзирги әдебий процесс түсинигине теориялық анықлама.**
2. **Ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебиятының раўажланыў бағдарларына шолыў.**
3. **Ҳәзирги дәўир әдебиятының алдынғы дәўир әдебияттан тийқарғы жетискенликлери.**
4. **XX1 әсирдиң соңғы 10 жыллығындағы өзбек әдебиятының раўажланыў тенденциясы ҳаққында мағлыўмат**

XX әсирдиң сонғы он жыллығы да тамамланды. Бул ўакыт аралығында көп ғана елеўли ўақыяларды бастан кеширдик. Бурынғы тоталитар дүзимге тийкарланған күдиретли мәмлекет ыдырап, оның орнында ғарезсиз мәмлекетлер пайда болды. Өзбекстан Республикасы да өз ғәрезсизлигине ийе болды. Усындай шараятта руўхый турмысымыздың ажыралмас бөлеги болган көркем әдебияттың бүгинги раўажланыўы кандай? Онын раўажланыў дарежеси бүгинги күн талабына жуўап береме? Бурынғы коммунистлик идеологияның әдебияттағы методологиялык қуралы болған социалистлик реализмниң тийкарғы принциплери болған партиялық, класслық идеялар ҳ.т.б. да усы сыяқлы қәлиплердиң қурсаўынан көркем сөз усталарымыз қутыла алды ма? Бүгинги турмыс шынлығын суўретлеўде көркем сөз усталарымыз нелерге, қайсы тәлийматқа, қайсы философиялык тийкарға жүгиниў керек? Бурынғы марксистлик-ленинлик тәлиймат бүгинги прогрессив демократиялық талапларға жуўап бере алмайтуғын болса, әдебиятшы алымларымыз ҳазирги көркем әдебий процессти қайсы методологиялық тийкарға тамауы керек?

Мине усындай сораўларды койып пәнниң алдыға койған максети де ҳәзирги қарақалпақ әдебиятының раўажланыўы бағдарларын, изертлениў жағдайларын ҳәзирги әдебияттаныў илиминин ҳәр тарепleme өсип раўажланыўын ҳәзирги әдебий процессте әдебий түрлердин қәлиплесиў тенденциясын анықлаў, ҳәзирги әдебий процесс ҳәм поэзияның раўажланыўы әдебий процессте прозанын орны, драматургияның ҳәзирги әдебий процесстеги жағдайын бүгинги күн илминиң көз-қарасынан баҳалаўды ҳәм үйрениўди алдыға максет етип қойды. Мине усы жерде усындай сораўдың туўылыўы мүмкин әдебий процесс түсинигиниң өзи не? Бул ҳаққында мынадай теориялық түсиник бериўге болады. Ҳәммемизге мәлим әдебий прщцесс яки әдебий ҳәрекет- бул миллий әдебияттың ямаса дүнья әдебиятының белгили бир дәўирде эстетикалық, идеялық, тематикалық, көркемлик ҳ.т.б өзгерислерге ушырап раўажланыўы. Әдебий ҳәрекет барысында айырым секирген идеялар, көркем формалар дәўир талабына ылайық жаңаланып барады. Бул жаңаланыў әдебий стильлердиң, әдебий бағдарлардың усыллардың, ағымлардың, мектеплердиң өзгерип, жаңаланыўына алып келеди. Мине қарақалпақ әдебияты да сондай әдебий ҳәрекетте болып келмекте. Мәселен қарақалпақ әдебиятының ертедеги дәўирин алып қарайық. Ол дәўирдеги әдебият көбинесе ҳалық аўызеки әдебиятына сүйенип келинди ҳәм усы дәўирде жазба әдебияттың болмаўы сол аўызеки ядлаўға туўра келеди. Ал XIX әсир қарақалпақ әдебиятын ертедеги әдебият пенен салыстырып қарағанда усы дәўирдеги әдебий процесс анық көзге тасланады. Мысалы, XIX қарақалпақ әдебиятындағы әдебий процесс өзине дейинги жыраў-шайырлардың әдебий - көркем дәстүрлерин пүткиллей өзгертип, тиккелей жазба әдебиятқа сүйенген жаңаша әдебий жоллар ислеп шықты. Усы дәўирде Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш шайырлар ҳәм жаңа әдебий ҳәрекеттиң баслаўшылары ҳәм раўажландырыўшылары болды. Бул шайырлардын дөретпелери жазба түрде сақланып қалғанлықтан биз сол дәўир әдебиятындағы баслы өзгерислерди, ҳәрекетте анық биле аламыз. Себеби өткен әсирлердеги қарақалпақ әдебиятының алдыңғы шайырларының бир қатары өзлериниң шығармаларын атап айтқанда аўыз әдебиятының үлгилеринде дөретти. Мәселен, бул нәрсе әҳ-әсирдеги қарақалпақ шайыры Жийен Аманлық улының дөретиўшилигинде орын алған.

Бул дәстүр бир қанша өзгешерек формада Жийеннен басқа қарақалпақ шайырларының дөретиўшилигинде де орын алды. Бирақ өткен әсирлердеги әдебияттан XIX әсир әдебияының әдебий ҳәрекети жазба түрдеги болғанлықтан оның тематикалық шеңбериде кеңейди. Себеби аўыз әдебияты дөретпелериниң тематикасы жазба әдебиятқа қарағанда әдеўир шекленген, шеңбери тар келеди. Сонлықтан адамзат жәмийетиниң кем-кемнен илгерилеп раўажланыўы менен адамлардың өсип баратыаған руўхый талабын фольклорлық поэзия қандыра алмаған гезлеринде, жәмийет ағзаларының раўажланып баратырған сапалы жазба әдебиятты дөретти. Мине жазба әдебияттың XIX әсирде пайда болыўы қарақалпақ әдебиятының усы дәўирде раўажланыў айрықшалықларын белгилеп берди яғный әдебий ҳәрекетин анықлады. Мине сондай жағдайларды қарақалпақ әдебиятының XX әсирдеги раўажланыў барысы менен салыстырғанымызда XX әсир қарақалпақ әдебиятындағы әдебий ҳәрекет болған. Мәселен, XX-әсирдиң 20-жылларынан баслап жаңа мектеплер ашылып интернатлар дүзилди. Бул жаңа типтеги оқыў орынлары Қарақалпақстанның ең дәслепки белсендилерин дөреткен орайлардың бири болды. Булардан биринши қарақалпақ әдебиятының туңғыш ўәкиллери тәрбияланып шықты. Олар шайырлар, драматурглар ҳ.т.б лар. Мәселен Х.Ахметов, А.Матякупов, И.Фазылов, Қ.Айымбетов, С.Мәжитов ҳ.т.б. Сондай-ақ 1921-жылы Төрткүлде биринши рет типография ашылды. Ал 1923-жылы қарақалпақ миллий баспа сөзи пайда болды. Сондай-ақ қарақалпақ әдебиятында бурын көрилмеген дәрежеде өзгерислер жүз берип усы дәўирге шекем тек ғана поэзия жанры менен шекленип келинген болса, енди драматургия, проза, критика жанрлары пайда бола баслады. Сонлықтан әдебиятта жанрлық көп түрлилик пайда болды. Булда болса XX әсир қарақалпақ әдебий процесстеги раўажланыўды келтирип шығарды. Ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебияты менен салыстырып қарағанда ҳәзирги әдебий процесстиң алдынғы дәўирлерден әдеўир айырмашылыққа ийе екенин аңлаймыз. Себеби ҳәзирги дәўирде әдебий процесс-күтә қурамалы. Ол тек бир миллий әдебият шегарасында кеўилдегидей раўажлана алмайды, ал дүнья әдебияты менен өз-ара тығыз байланыста ҳәм бир-бирине тәсир етиў жағдайында раўажланады. Сонлықтан сыртқы әдебиятлардың яғный әдебий тәсирлердиң нәтийжесинде кқ-әдебияты да раўажланыў басқышын басынан өткермекте. Әсиресе бул салада туўысқан өзбек әдебиятының әдебий тәсири күшли болды. Ҳәзирги дәўирде өзбек әдебиятында әдебий процесс күшли раўажланып атыр. Улыўма айтқанда ҳәзирги әдебий процесс көз-карасы менен айтқанда кқ-әдебиятында көркем әдебиятқа болған қатнас өзгерди. Әдебияттағы бурынғы социалистлик реализм көркем метод сыпатында өмирин таўысты. Енди әдебиятта еркинлик пайда болып жаңаша изленислер нәтийжесинде жаңа көркем формалар, жанрлар бир сөз бенен айтқанда жаңа мазмунға ийе болған көркем шығамалар пайда болды. Буның да баслы себеби 80-жыллардың екинши ярымынан баслап турмыста демократиялық күшлер ҳәрекетке кирди ҳәм усыған байланыслы қайта қурыў бағдарламасы бурынғы коммунистлик режимниң қулаўына алып келди. Бурынғы Аўқамның қулаўы менен оның қурамындағы аўқамлық республикалар ғәрезсизликке еристи. Халықлардың ғәрезсизликте жасаў әрманы иске асты. Өзбекстан 1991-жылы ғәрезсиз мәмлекет болған болса, ал Қарақалпақстан Өзбекстанның қурамындағы Суверенли республика болды. Бийғәрез ел болғаннан кейин Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан жаңа конституция нызамларына тийкарланып өзиниң байрағына, гимнине ийе болды.

Өзбекстан Конституциясының бир жыллығына байланыслы 1993-жылы "Бизиң уллы келешегимиздиң ҳуқықлық кепиллиги" деген баянатында Президентимиз И.А.Каримов тарийхый басып өткен жолларымызды ҳәм ҳәзирги турмысымызды дурыс көрсетиўдиң керек екенлиги ҳаққында "Бизиң жеримиздиң ҳақыйқый жан күйерлери алдында, оның ийгилиги ушын сөзи менен де, иси менен де ҳәрекет етип атырғанлар алдында бизлер өзбек миллети ҳаққында барлық ҳақыйқатлықты ашыўымыз тийис. Тарийхый ҳақ нийетлилик пенен көрсетиў, бизлердиң барлығымыз ушын ар-намыс иси және парыз болып табылады", - деген еди.

Өзбекстанның ғәрезсиз ел болыўы турмыстың барлық саласында еркинликке ийе болыўға кең жол ашты. Ең баслысы өзимиздиң кимлигимизди таныдық. Өзимиздиң тарийхымызды, тилимизди, динимизди, мәдениятымызды, әдебиятымызды тереңирек үйрениўге мүмкиншилик алдық, мүлкимизге өзимиз бийлик етиўге еристик. Бул бизге ғәрезсизликтиң берген бахты.

Президентимиздиң Өзбекстанның жаңа тарийхын жазыў, Хорезмдеги Мамун академиясының қайта тиклениўи, руўхый мәдeният ҳәм ағартыў орайын дүзиў, халық әўыз еки әдебиятының бай мийрасы "Алпамыс" дәстанының 1000 жыллығын 1999-жылы белгилеў, көркем өнер академиясын дүзиў ҳәм театр өнерин раўажландырыў ҳаққындағы шығарған пәрманлары илимди, тарийхты, әдебиятты, көркем өнерди, мәдениятты терең изертлеўге ҳәм билиўге қаратылғанлығы мәлим.

Улыўма айтқанда XX әсирдиң 90-жылларының басында СССР қусаған тоталитар дүзимге тийкарланған мәмлекеттиң ыдыраўы, оның баслы идеологиялық қуралы болған коммунистлик ойлаўдың адамлардың санасынан әсте-әсте сығып шығарыла баслаўы, оның орнын адамзаттың әсирлер бойы жыйналған философиялық, этикалық, эстетикалық, ҳуқықый билим қорлары системасының ийелей баслаўы бизиң әтирaптағы жәмийетлик ҳәм тәбият қубылысларына, соның ишинде, турмысымыздың ажыралмас бир бөлеги болған көркем әдебиятқа деген қатнасымызды да пүткиллей өзгертип жиберди.

**Сораўлар.**

1.Ҳәзирги әдебий процесс түсинигине теориялық анықлама бергенде сиз не деп айтар едиңиз?

2..Ҳәзирги әдебий процессти алдынғы дәўир әдебияты менен салыстырып баҳа бериң.

3. Ҳәзирги дәўир әдебиятындағы баслы өзгерислер нелерден ибарат?

4.Ҳәзирги әдебияттың раўажланыў бағдарлары нелерде көзге тасланады.

5. XX әсир әдебий процессиниң раўажланыў жағдай қандпй еди?

**Пайдаланылған әдебиятлар**


1.Мәмбетов Қ. Әдебият теориясы. Нөкис, 1995

2.Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, 1992

3.Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. Нөкис, 2003

4.Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы Нөкис, 2004


## 2 ТЕМА: Ҳәзирги әдебий процессте проза

**ЖОБА:**

1. **Прозаның раўажланыў тенденциялары.**
2. **Прозадағы көркемлик излениўшиликлер.**
3. **Прозаның жанрлық жақтан раўажланыўы.**

Ғәрезсизлик дәўиринде қарақалпақ жазыўшылары да жәмийетлик, сиясий өзгерислерди есапқа алған ҳалда қәлем тербетти. Усы дәўирге шекем көркем сөз усталарымыз, соның ишинде, прозаиклеримиз де белгили бир шекленген темалар әтирапында шығармалар дөретип келди. Мәселен өзлериниң роман, повестлерин көбинесе я алыс өтмиш ўақыяларына, я бирде Октябрьден аўдарыспағы ўақыяларына қурды. Бул жолда, әлбетте, олар белгили табысларға да еристи. Бирақ, бунда коммунистлик идеологияның тәсири басым болды. Мәселен, 1920-30-жыллардағы қыян-кести тарийхый ўақыялар, колхозластырыў ҳәм советлестириўге байланыслы совет ҳүкиметиниң жүргизген сиясаты ҳаққында ҳақыйқатлықты, ол дәўирдиң қарама-қарсылықлы хәдийселери ҳаққында шынлықты жазыў мүмкин болмады. Ал, егер бул темаға арналған дөретпелер жазылса да, олар сиясий қәлиплердиң шеңберинен шығып кете алмады. Бунының тәсири жазыўшыларымыздың бир бирине қарама-қарсы класслардың гүресине шеннен тыс итибар бериўлеринде, қарақалпақ урыўлары арасындағы алаўызлықты ҳәдден тыс

бөрттирип көрсетиўинде, ийшан-бурынғы зиялылырымыз болған руўханыйлардың келбетине қара бояўларды аяўсыз жағыўында, жасалма конфликт жасаўға умтылыўшылықта, большевиклердиң образын шеннен тыс идеалластырып сүўретлеўлеринде ҳ.т.б. көринди.

Бирақ ғәрезсизлик дәўири басланыўдан бул кемшиликлердиң бәри сапластырылып, жоқары көркемликтеги, оқыўшылардың рухый шөлин қандыратуғын, өмирди көркем реалистлик бағдарда сүўретлеўи жағынан ҳәр тәреплеме жетилискен шығармалар дөретилип кете бермеди. Керисинше, айне проза тараўында көбирек кемшиликлер жүз берди. Өткен 15 жыл ишинде Т.Қайыпбергенов, Ш.Сейтовлардың романларын есапқа алмағанда усы ири эпикалық жанрда шығармалар жүдә аз дөретилди. Әсиресе, дәўир машқалаларын ашып беретуғын, дәўиримиздиң адамлары образын жаратқан шығармалар санаўлы ғана. Сонлықтан да, бул дәўир прозасы ҳаққында сөз еткенде әдебий процессте елеўли ўақыя болған, әдебият ықласбентлериниң дыққатын өзине тартқан роман, повесть, гүрриңлердиң кем екенлигиниң гүўасы боламыз.

Проза ҳаққында сөз болғанда оның ең үлкен жанры роман ҳаққында айтпай кетиў мүмкин емес. Ғәрезсизлик жылларында қарақалпақ жазыўшылары да бир қатар романларын жәриялады. Мәселен, Т.Қайыпбергеновтың «О дүньяға атама хатлар», «Қаракалпақтың өз қалпағы менен сырласыўы», «Қәлбимниң қамусы», «Түркийнама», Ш.Сейтовтың «Жаман шығанақтағы ақтуба», А.Садықовтың «Таста да гүллейди», Ҳ.Ҳамидовтың «Ушқын», К.Алламбергеновтың «Дәрья тартылған жыллар», К.Рахмановтың «Ақыбет», Қ.Мәтмуратовтың «Тербенбес», Амангелди Халмуратовтың «Жәннет бағы», Қ.Айымбетовтың «Қарабуўра», С.Исмайловтың «Жүрек галлактикасы», Ҳ.Өтемуратованың «Ҳүрлиман», А.Әбдиевтиң «Жин-жыпырлар уясы» атлы романларын атап өтиўге болады.

Бул дәўирде повест, гүрриң жанрларында да бир қатар шығармалар жүзеге келди. Әсиресе, повест жанрында бир қатар жанрлық ҳәм көркемлик изленислер жүзеге келди. С.Исмайловтың «Пайғамбарлар ҳәм шайтанлар», М.Нызановтың «Еки қанхор» повестлери бурын карақалпақ әдебиятында оншелли раўажланбаған дедектив жанрында дөретилди. Г.Есемуратованың «Дуўдендеги дәптер», «Ески сүренлер» повестлери дәўир ҳақыйқатлығын батыл ашып бериўи менен қунлы. С.Исмайловтың «Бизлер бир үйде жасаймыз» атлы повести илимий фантастика жанрында жазылды. Улыўма С.Исмайлов қарақалпақ прозасын жаңа жанрлар менен байытты. Бул салада изленислер алып барды. М.Нызановтың «Ақшагүл» повести ҳәзирги дәўир проблемаларына арналған. Усы дәўирде қарақалпақ прозасын аныкрақ айтқанда повест ҳәм гүрриң жанрларын раўажландырыўға көбинесе тийкарынан алғанда жас жазыўшылардың орны гиреўли.

Улыўма алғанда, ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ прозасы бурын қол урылмаған темаларға, идеяларға қәлем тербетиўде, ел тарыйхында үлкен орны бар реал шахслардың көркем образын жаратыўда, қаҳарман характерин жасаў жолында бурынғы қатып қалған кестелерден, стереотивлерден қутылыўда, жаңаша жанрлық стильлик шоққыларды ийелеўде белгили табысларға еристи. Соның менен бирге бул дәўир прозасының раўажланыўының еле де жоқары болыўына тосқынлық жасаған объектив ҳәм субъектив себеплер болды. Бириншисине экономикалық қыйыншылық, қағаз қытшылығы себеп болса, екиншисине жазыўшыларымыздың өзлериниң жаңа дәўирге таяр емеслиги, эстетикалық ой-дүньясының бурынғы тоталитар жәмийетте орнығып қалған қәлиплерден, догмалардан толық қутылмағанлығы, көркем изленисиниң төменлиги себеп болды.

Сораўлар.

1.Ҳәзирги әдебий процессте проза жанрының раўажланыў бағдарлары қандай?

2..Ҳәзирги прозаның идеялық-тематикалық өзгерислерге ушыраўы ҳаққында айтып бериң.

3.Ҳәзирги әдебиттағы проза жанрындағы көркемлик излениўшилик нелерде сезиледи?

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, 1992

2. Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. Нөкис, 2003

## 3 ТЕМА: Қарақалпақ әдебиятында жанрлық көптүрлиликтиң пайда болыўы.

**ЖОБА:**

1. **Әдебияттың түр ҳәм жанрларға бөлиниўи. Олардың тарийхына нәзер ҳәм ҳәзирги көринислери.**
2. **Ҳәзирги әдебияттағы жанрлық, формалық изленислер.**
3. **Ҳәзирги қарақалпақ әдебиятында жанрлық көптүрлиликтиң пайда болыўында сыртқы әдебий тәсирлер.**

Әдебият бирден пайда болған емес. Басқа предметлер сыяқлы оның теги ҳәм түрлери бар. Көркем сөз усталарымыздың дөретиўшилик мүмкиншилигиниң өриси кеңлиги ҳәм ҳәртүрлилиги, сондай-ақ ҳәр қыйлы усыллардың, метод-стиллердиң пайда болыўына себепши болып, көркем шығарманың мазмуны, формасы, көлеми жақтан рәң-бәреңликке ийе болыўына алып келеди. Усындай рәң-бәреңликке ийе болған әдебияттағы тек ҳәм түр жүдә ески заманларда пайда болып, белгили үш салаға бөлинеди. 1) Лирика, 2) Эпос, 3) Драма. Усы үш сала тийкарында әдебий жанрлардың барлық түрлери раўажланған. Бирақ олар тарийхый талап тийкарында өзгереди, раўадланады. Мәселен, жанрлық көптүрлиликтиң пайда болыўының ертедеги жағдайларына нәзер салайық. Жазба әдебияттың қәлиплесиўи менен жеке дөретиўшилик пайда болған. Жазыўшы турмысқа өзиниң жеке көз-қарасынан қарап, турмыс ҳәдийселерин, қубылысларын ириклеп, оларды типлестирип сәўлелендирген. Мысалы әжайып ҳәдийселерди типлестирип сәўлелендириўдиң нәтийжесинде авантюралық роман жанры ямаса турмыстың драматизмге толы қайғылы тәреплерин сүўретлейтуғын трагедия жанры ҳ.т.б. жанрлар өз алдына бағдар болып қәлиплескен. Ҳәр бир жанрдың өзине тән көркемлик дәстүрлери, қағыйдалары, өлшемлери қәлиплескен. Жоқарыда айтып өткенимиз сыяқлы жанрды қатып қалған көркемлик қубылыс деп түсиниўге болмайды. Дәўирдиң, турмыстың өзгериўине байланыслы көркем көз-қарасларда өзгереди. Усы жағдайларға байланыслы әдебий жанрлар да толысып ҳәм байып барады. Мәселен, ертедеги қарақалпақ әдебияты (XVI-XVIII ә.ә.) тийкарынан жыраў-шайырлар дөреткен терме, толғаў, дәстан, шешенлер сөзи жанрлары менен белгиленеди. XIX әсирге келе жәмийетлик турмыстың өзгериўине, қарақалпақ мәдениятының Шығыс мәдениятына жақынласыўына байланыслы әдебий жанрлар да көбейеди. Мәселен, бурынғы терме- толғаўлар менен қатар лириканың Шығыс әдебиятына тән көплеген жанрлары әдебий процесске кирип келеди. XX әсирде қарақалпақ әдебияты орыс әдебияты менен тығыз байланысыўы себепли Европа әдебиятының көплеген жанрларын өзлестиреди. Қарақалпақ әдебияты бурын тек ғана поэзия жанры менен шекленип келинген болса, енди драматургия, проза, критика жанрлары пайда бола баслады. Сонлықтан да XX әсир қарақалпақ әдебияты өзиниң жанрларының көптүрлилиги менен ажыралып турады. Лекин ҳәр жанрдың теориялық сыпатламасы ҳәрқыйлы. Шығарманың қайсы әдебий түрге (эпика, лирика, драма) тийислилигине қарай оның жанрлық өзгешеликлери анықланады. Ҳәр бир әдебий түр өзиниң ишки жанрларына бөлинеди. Мысалы, эпикалық жанр болса роман, повесть, гүрриң, новелла, очерк, яднамалар ҳ.т.б. болып бөлинеди. Лирика болса, ғәзел, муҳаллес, рубайы, элегия, сонетлер, сиясий лирика, муҳаббет лирикасы ҳ.т.б. болып бөлинеди. Драмалық түр комедия, трагедия, драма ҳ.т.б. болып бөлинеди. Усындай жанрлар Ғәрезсизлик дәўириндеги әдебиятта да даўам етип киятыр. Бирақ соның менен бирге усы дәўирде сыртқы әдебий тәсирлердиң нәтийжесинде ҳәм жазыўшы-шайырлардың өз дөретиўшиликлеринде көркем излениўшиликти пайда етип, әдебиятта жанрлық көптүрлиликке қол урып атыр. Бирақ солайда болса, ҳәзирги әдебиятта прозаны сөз ететуғын болсақ өткен 15 жыл ишинде Т.Қайыпбергенов, Ш.Сейтовлардың романларын есапқа алмағанда усы ири эпикалық

жанрда шығармалар жүдә аз дөретилди. Әсиресе, дәўир машқалаларын ашып беретуғын, дәўиримиздиң адамлары образын жаратқан шығармалар санаўлы ғана. Сонлықтан да, бул дәўир прозасы ҳаққында сөз еткенде әдебий процессте елеўли ўақыя болған, әдебият ықласбентлериниң дыққатын өзине тартқан роман, повесть, гүрриңлердиң кем екенлигиниң гүўасы боламыз. Туўры усы орында атын атап өтетуғын прозалық шығармалардың да бар екени мәлим. Мәселен, Т.Қайыпбергеновтың «О дүньяға атама хатлар», «Қаракалпақтың өз қалпағы менен сырласыўы», «Қәлбимниң қамусы», «Түркийнама», Ш.Сейтовтың «Жаман шығанақтағы ақтуба», А.Садықовтың «Таста да гүллейди», Ҳ.Ҳамидовтың «Ушқын», К.Алламбергеновтың «Дәрья тартылған жыллар», К.Рахмановтың «Ақыбет», Қ.Мәтмуратовтың «Тербенбес», Амангелди Халмуратовтың «Жәннет бағы», Қ.Айымбетовтың «Қарабуўра», С.Исмайловтың «Жүрек галлактикасы», Ҳ.Өтемуратованың «Ҳүрлиман», А.Әбдиевтиң «Жин-жыпырлар уясы» атлы романларын атап өтиўге болады.

Белгили жазыўшы Т.Қайыпбергенов «Қарақалпақнама» шығармасы арқалы тек ғана каракалпақ прозасында емес, ал, ҳәзирги Орайлық Азия халықлары әдебиятында биринши болып роман-эссе жанрын дөретти. Сонлықтан да, Өзбекстан халық жазыўшысы Ә.Якубов "Қарақалпақнама" дөретпесин жоқары баҳалап "Әййемги Түркстан әдебиятында биринши роман-эссе, ХХ әсир түркий әдебиятында болса, дәслепки нама деген еди. Бул шығармаға М.Қашқарий атындағы жер жүзилик сыйлықтың берилиўи ғәрезсизлик жылларындағы қарақалпақ прозасында үлкен ўақыя болды.

Усы дәўирде Т.Қайыпбергенов қарақалпақ әдебиятында репортаж-эссе жанрын да пайда етти. Оның "Қәлбимниң қамусы" деп аталған дөретпеси буған мысал бола алады. Сондай-ақ С.Исмайловтың «Жүрек галактикасы» романы жанрлық жақтан жаңа роман. Ол илимий-фантастикалық жанрда жазылған. Қарақалпақ әдебиятында еле бундай жанрда романлардың дөретилмегенин есапқа алатуғын болсақ, бул роман қарақалпак әдебиятында өз орнына ийе екенлиги сөзсиз.

Қ.Матмуратовтың «Тербенбес» романлары соңғы дәўирдеги әдебиятымызда елеўли қубылыслардың бири болды. Романның ең утыслы таманларының бири де әйне қаҳарман образын жаратыўда ҳәм ҳәзирги дәўир ушын әҳмийетли машқалаларды көтерип шығыўында болып табылады.

Бул дәўирде повест, гүрриң жанрларында да бир қатар шығармалар жүзеге келди. Әсиресе, повест жанрында бир қатар жанрлық ҳәм көркемлик изленислер жүзеге келди. С.Исмайловтың «Пайғамбарлар ҳәм шайтанлар», М.Нызановтың «Еки қанхор» повестлери бурын карақалпақ әдебиятында оншелли раўажланбаған дедектив жанрында дөретилди. С.Исмайловтың «Бизлер бир үйде жасаймыз» атлы повести илимий фантастика жанрында жазылды. Улыўма С.Исмайлов қарақалпақ прозасын жаңа жанрлар менен байытты. Ал ҳәзирги дәўирдеги поэзиядағы жанрлық көптүрлилик ҳаққында айтатуғын болсақ онда қарақалпақ әдебиятында бул салада әдеўир алға илгериўшиликтиң бар екени мәлим. Ғәрезсизлик дәўири әдебияттың басқа түрлери сыяқлы поэзияға да еркинлик берди. Сонлықтанда И.Юсупов, К.Рахманов, Т.Қабулов, Ж.Избасқанов, К.Каримов, Ҳ.Айымбетов, Н.Төрешова, С.Ибрагимов, Х.Дәўлетназаров, Б.Генжемуратов, М.Жуманазарова ҳәм т.б. қарақалпақ шайырлары идеялық-тематикалық, жанрлық-формалық изленислер алып барды. Олардың лирикалық шығармаларында еркин пикир айтыў, жаңаша пикирлеў көбирек көринди.Бул дәўирде М.Жуманазарованың лирикалық шығармаларында батыл пикирлеў, Ҳ.Айымбетовтың лирикаларында пикирди аўыспалы мәниге қурыў, Н.Төрешованың қосықларында ҳаял-қызлардың дүньяға көз карасының сәўлелениўи, Б.Генжемуратовта жанрлық-формалық изленислер көбирек сезилди.

Ғәрезсизлик дәўиринде қарақалпақ шайырлары поэма жанрында да бираз жемисли иследи. Бул дәўирде И.Юсуповтың «Мәңги булақ», «Ўатан топырағы», Ж.Избасқановтың «Қамал» (драмалық поэма), «Оқыўшыма хат», Н.Төрешованың «Тутқын», «Қызымаў», «Аналық ҳаққында қысса», «Жетим қыз», Х.Дәўлетназаровтың «Ийесиз журт», «Қарақалпақ баязы», «Зийўарий шежире», « Әлўидағ муҳаббат. Хош қал жаслығым»

(насрый поэма), Б.Генжемуратовтың «Қытай жипегиндеги битик», А.Өтениязованың «Айсултан» ҳ.т.б. поэмалар, Ә.Өтепбергеновтың «Алланды умытпа», «Аллада да есап бар», Н.Төрешованың «Ялғаншы» дастанлары жәрияланды. Сондай-ақ Европа әдебияты ҳәм Шығыс әдебиятының әдебий тәсириниң күшли болғанлығы себепли усы дәўир қарақалпақ поэзиясы көркем формаларға байыды десек қәтелеспеген боламыз. Бул дәўирде проза менен жазылған қосықлар яғный насрый қосықлар да тез пәт менен раўажланды. Усы көркем формада К.Дәўлетназаров, С.Ибрагимов, И.Өтеўлиев, Д.Курбаниязов, Д.Шерниязова, Б.Машариповалар сыяқлы қәлемкешлер өз қосықларын усы көркем формада дөретти. Бул көркем форманы олар эпифания деп атады. Мәселен. К.Дәўлетназаровтың «Әлиўдағ муҳаббат, әлўидағ…» атлы қосықлар топламында насрый қосықлар көплеп берилген. Яки болмаса И.Өтеўлиевтың «Алақанымдағы гүл» атлы қосықлар ҳәм гүрриңлер топламында насрый қосықлардың жақсы үлгилерин көриўге болады. Усы жанр бурын қарақалпақ поэзиясында раўажланбаған еди. Сондай-ақ Европа әдебиятының тәсиринен кирип келген еркин қосық формасы да усы дәўирге келип тез пәт менен раўажланды. Бул форманың дөретиўшилери С.Ибрагимов, Б.Генжемуратов, Ж.Избасқанов, Ш.Аяповлар ҳ.т.б. болып есапланады.

Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ әдебиятында драматургия жанры да раўажланыўға ийе болды. Усы дәўирде бул жанр бойынша бирқанша қәлемкешлер дөретиўшиликли излениўшилик алып барып, қарақалпақ драматургиясының раўажланыўына өз үлесин қосты. Олардан: Қ.Матмуратовтың «Бир үйде еки өмир», «Әкели жетимлер», «Өмирбек ҳәм тазша», «Ақ текеш ҳәм көк текеш», А.Өталиевтиң «Ерназар Алакөз», «Әмир Темурдың бир күни», «Султан Жалелетдин», Ш.Сейтовтың «Халқабад романы тийкарында жазылған «Қутлы жол» пъесасы (қайта ислеген Қ.Матмуратов), «Шарияр» дастаны тийкарында жазылған «Шарияр» пъесасы (Қ.Матмуратов), М.Нызановтың «Еки дүньяның әўереси», К.Рахмановтың «Тәғдир соққысы», Б.Баймурзаевтың «Бәддиўа», «Пәлектиң гәрдиши», А.Өтениязованың «Жигиттиң ығбалын берсин», «Муҳаббат ҳәм ғәзеп», «Үмит ушқыны», «Жумбағы көп дүнья бул», С.Жумағуловтың «Экстрасенс», «Күйеўиңди берип тур», «Адамлар қалай бузылған», «Бултлы күнлер» пъесалары жазылды.

Улыўма айтқанда ҳәзирги қарақалпақ әдебиятында жоқарыдағыдай жанрлардың пайда болыўы менен ҳәзирги қарақалпақ әдебияты жанрлық жақтан да әдеўир раўажланды. Бунық алдынғы жанрлардан айырмашылықлары олардың идея-тематикасында, образлар жаратыў мәселесинде, көркем формасында ҳ.т.б. анық сезиледи.

**Сораўлар.**

1.Ҳәзирги әдебиятта қандай әдебий жанрлар пайда болды?

2..Ҳәзирги әдебияттағы көркем формалар әдебий процесске қалай тәсир етти?

3. XX әсирдеги қарақалпақ әдебиятындағы әдебий жанрлар менен ҳәзирги әдебияттағы жанрларда айырмашылық бар ма?

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, 1992

2.Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. Нөкис, 2003

3..Мәмбетов Қ. Әдебият теориясы. Нөкис, 1995

4.Оразымбетов.Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы.Нөкис, 2004.

5.Расулов А. Танқид талқин баҳолаш. Тошкент, 2006

**4 ТЕМА: Эссе жанрының раўажланыўы. Оларды дөретиўде жазыўшылардың орны**
**(Т.Қайыпбергенов, С.Баҳадырова, А.Дәўлетмуратов, О.Әбдирахманов ҳ.т.б..)**

**ЖОБА:**

1. **Эссе жанрына теориялық сыпатлама.**
2. **Қарақалпақ әдебиятында эссе жанрының пайда болыўы.**
3. **Ҳәзирги әдебияттағы эссе жанрының идеялық-тематикалық, көркемлик өзиншеликлери ҳаққында.**

Көркем әдебияттың раўажланыўы адамзат жәмийетиниң тарийхый раўажланыўы менен байлынаслы болады. Сонлықтан әдебий процесс- адамзаттың әдебий дөретиўшилик пикириниң бир-бириниң кейнинен келетуғын ҳәм бир-бирине байланыслы болған айырым раўажланыў дәўирлериниң ҳәм де әсирлер даўамында дөретилген дәстүрлердиң үстин толықтырып даўам етиўиниң және раўажланыўының, байып барыўының улыўма ҳәрекети болып есапланады. Мине соңғы ўақытлары әдебиятымыздың усындай тенденцияда раўажланыўы нәтийжесинде бирқанша өзгерислер жүзеге келди. Алдындағы темаларда айтып өткенимиз сыяқлы әдебиятымызда бирқанша көркем формалар ҳәм жанрлар пайда болған еди. Сол көркем формалар ҳәм жанрлардың бири эссе жанры болып есапланады. Бул жанр қарақалпақ әдебиятында бурын болмаған еди. Бирақ Ғәрезсизлик дәўирине келип ол раўажлана баслады. Бул жанрды қарақалпақ әдебиятына енгизген жазыўшы Т.Қайыпбергенов болып табылады. Оның «Қарақалпақнама» шығармасы ҳәзирги эссе жанрының басламасына тийкар болып жаратылған көркем дөретпе десек те кәтелеспеймиз. Жазыўшы бул роман-эссеси арқалы тек ғана қарақалпақ әдебиятында емес, ал Орайлық Азия халықлары әдебиятында биринши болып роман-эссе жанрын дөретти. Сонлықтан да, Өзбекстан халық жазыўшысы Ә.Якубов ″Қарақалпақнама″ дөретпесин жоқары баҳалап ″Әййемги Түркстан әдебиятында биринши роман-эссе, XX әсир түркий әдебиятында болса, дәслепки нама деген еди. Бул шығармаға М.Қашқарий атындағы жер жүзилик сыйлық берилди.

Эссе жанрын теоретиклер негизи мемуарлық жанр деп есаплайды. Ал белгили илимпаз Қ.Мәмбетов «Қарақалпақ әдебиятында эссе жанрына тарийхый философиялық, психологиялық ҳәм публицистикалық пикирлер де жәмлестирилип, ол роман дәрежесине жеткизилген» - деп, Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» эссесин көрсетеди. Соңғы ўақытларда қарақалпақ әдебиятында эссе жанрында қәлем тербеткен жазыўшылардың саны артып бармақта. Мәселен, бул салада Т.Қайыпбергеновтың ″О дүньяға атама хатлар”, «»Түркийнама , «Қарақалпақтың өз қалпағы менен сырласыўы», «Қәлбимниң қамусы», С.Баҳадырованың «Жигирма тоғыз жастан елиў жасқа шекем тюрьмада», А.Дәўлетмуратовтың «Өмир шежиреси», О.Әбдираҳмановтың «Аралым-дәртим мениң» ҳ.т.б. утымлы изленислер алып барды.

Мине қарақалпақ әдебиятына биринши эссе жанрын алып келген жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың шығармалары оқыўшылардың дыққатын өзине тартты. Сондай-ақ бирқанша илимпазлар да оның шығармалары ҳаққында өзлериниң пикирлерин билдирди. Мәселен, әдебиятшы Қ.Камалов: «Ал, жазыўшының «Қарақалпақнама» роман-эссеси, «Қәлбимниң қамусы», «Түркийнама» шығармалары оның дөретиўшилигиниң жаңа басқышын қурайды. Енди бурынғы эпик жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың орнына философ Қайыпбергеновты көремиз. Ол шығармаларында халық легендалары менен анекдотлары, ертеклери, данышпанлардың пикирлери, өзиниң жеке пикирлери, тарийхый фактлер ҳәм тағы басқалар арқалы өмирдиң ҳәр қыйлы философиясы ҳаққында пикир айтады. Өмир шынлығын сүўретлеўдиң бул формасы бизиң әдебиятымыз ушын жаңалық.» - деп белгилейди.

Жазыўшының «О дүньяға атама хатлар» роман-эссеси ҳаққында өзбек илимпазы Ф.Насратдинов өзиниң «Орол бунг уради» атлы мақаласында былайынша пикир

билдиреди: «Бобомга хатлар» китобини ўқиб, унда Т.Қойипбергановнинг болалик давридан то пайғамбор ёшигача босиб ўтган ҳаёт саргузаштлари, кўрган-кечганлари туғрисидаги уй-фикрлари жуда равон тил билан талқин этилганлигига гувоҳ бўлдим». Расында да жазыўшы бул дөретпесинде тәкирарланбас көркем форманы таңлайды- Арал трагедиясының ақыбетлери ҳаққындағы автордың қайғылы гүррińин бул дүньядағы тири, жер басып жүрген адамлар тыңламағанлықтан, о дүньядағы атасына муражат етиўге мәжбүр болады. Т.Қайыпбергеновтың және бир жаңа дөретпеси «Қәлбимниң қамусы» деп аталады. Бул шығарма 1999-жылда «Әмиўдәрья» журналында жәрияланды. Дөретпе автордың философиялық ой-сезимлеринен ибарат, оған жазыўшы, «репортаж-эссе» деп жанрлық атама қойған. Бул шығарма ҳаққында жазыўшы өзиниң журналист М.Мирзо менен болған сәўбетинде жүдә қызықлы пикирлерди ортаға таслаған. Бул сәўбет «Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетасының 1996-жыл 5-январь санында жәрияланған еди. Т.Қайыпбергенов өзиниң «Қәлбимниң қамусы» дөретпесине «Гүбирли-сыбырлылардан 8 дәптер репортаж-эссе» деп жанрлық ат берген.

Т.Қайыпбергенов дөретиўшилигинде «Түркийнама» дөретпеси де белгили әҳмийетке ийе. Бул дөретпе автордың ядында қалған ўақыялар тийкарында жазылған.

Белгили жазыўшы С.Баҳадырованың «Жигирма тоғыз жастан елиў жасқа шекем тюрьмада» атлы эссеси 2002-жыл «Әмиўдәрья» журналында жәрияланған еди. Жазыўшының бул дөретпесинде белгили шайыр Избасар Фазыловтың өмириниң тарийхы, дөретиўшилик жолы ҳаққында мемуарлық мәнисте жазған. Онда шайырдың 1937-жылы Миллионлаған адамлардың жүрегине жазылмас дақ салған аты-шуўлы сталинлик репрессияға дуўшагер болғанлығы ҳаққында айтылады.

Алламберген Дәўлетмуратовтың «Өмир шежереси» атлы эссеси де мемуарлық характерде жазылған болып онда елге белгили болған адамлардың яғный Н.Жапақов, Е.Алланиязов, Б.Балтабаев ҳ.т.б. сыяқлылардың өмир турмысын көркемлеп сүўретлеген.

О.Әбдирахмановтың «Аралым-дәртим мениң» эссеси ЮНЕСКО сыйлығына миясар болды. Шығармада тәбият көринислери яғный Арал теңизиниң ҳәзирги жағдайы ҳаққында, оның келешеги қандай болыўы жөнинде пикир жүргизиледи.

Улыўы айтқанда Ғәрезсизлик дәўиринде эссе жанры идея-тематикалық ҳәм жанрлық жақтан да раўажланып атыр. Бул жанрда қәлем тербетиўшилердиң саны артып бармақта.

Сораўлар.

1.Ҳәзирги әдебий процессте эссе жанрының орны ҳәм әҳмийети ҳаққында айтып бериң.

2..Ҳәзирги эссе жанрының раўажланыўында жазыўщвлардың орнын белгилеп бериң.

3. Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» атлы роман-эссеси ҳаққында айтып бериң.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, 1992

2.Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. Нөкис, 2003

3.Т.Қайыпбергенов Қарақалпақман. Тәуекелшимен Нөкис, 2003.

## 5 ТЕМА: Повесть жанрында көркемлик излениўшилик.

**ЖОБА:**

1. **Ғәрезсизлик дәўиринде повестлик шығармаларға шолыў.**
2. **Усы дәўир повестлериниң идея-тематикасы ҳаққында.**
3. **Повестлик шығармалардың жанрлық өзгешеликлери.**

Ҳәзирги әдебий процессте прозаның айрықша орны бар. Усы дәўирдеги прозада тек ғана реализм методының қурсаўында қалып коймай, ал Батыс Европа, рус,хәттеки түркий әдебий- эстетикалық ой-дүньясында жаңаланып қалған модернизм ҳәм абсурд әдебиятының дәстүрлерине деген жазыўшыларымыздың қатнасы күшейди. Себеби, адамзаттың ҳәзирги әдебий эстетикалық ой-дүньясында реализм, модернизмниң түрли ағымлары, ҳәр түрли философиялық көз карaслар, әсиресе абсурд идеясының түрли көринислери бир-бири менен қарысып, ҳәзирги инсан баласының қурамалы келбетин, оның ишки дүньясының бар арнамысын, гүйзелисин көркем ҳақыйқатлыққа айналдырыўға хызмет етпекте. Модернизм сөзине теориялық анықлама берип өтейик. Модернизм-французша-ең жаңа деген сөзден алынған, ол болмысты субьективлик көз-қарастан сәўлелендиреди, адамды жәмийетлик турмыстан ажыратып көрсетиўге умтылады, индивидуализмди үгитлейди. Модернизм реализмди бийкарлаўға урынады, оны ўақты питкен ағым деп есаплайды. Себеби, ҳәммемизге мәлим XX әсирдиң 90-жылларының басында СССР қусаған тоталитар дүзимге тийкарланған мәмлекеттиң ыдыраўы, оның баслы идеологиялық қуралы болған коммунистлик ойлаўдың адамлардың санасынан әсте-әсте сығып шығарыла баслаўы, оның орнын адамзаттың әсирлер бойы жыйналған философиялық, этикалық, эстетикалық, ҳуқықый билим қорлары системасының ийелей баслаўы бизиң әтираптағы жәмийетлик ҳәм тәбият қубылысларына, соның ишинде, турмысымыздың ажыралмас бир бөлеги болған көркем әдебиятқа деген қатнасымызды да пүткиллей өзгертип жиберди.

Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ әдебиятындағы повестлерге нәзер таслайтуғын болсақ, онда оның идея-тематикалық, жанрлық жақтан раўажланғанын сезиўге болады. Повест жанрының усындай өсиўинде жазыўшыларымыздың терең дөретиўшилик излениўшиликлери үлкен роль атқарады. Себеби, усы жанрда жақсы қәлем тербеткен бирқанша жазыўларымыздың атын айтыўға болады. Мәселен, 1990-жыллардан кейин белгили жазыўшы Г.Есемуратова жүдә жемисли иследи. Ол буған дейин де «Дуўдендеги дәптер», «Жийрен» ҳ.т.б. шығармалары менен оқыўшылар жәмийетшилигиниң кеўлинен шыққан болса, оның «Сайланды шығармалары» ның еки томлығының (1-том 1995, 2-том 1997) жарыққа шығыўы әдебиятымызда елеўли ўақыя болды. Г.Есемуратова ғәрезсизлик дәўириниң мүмкиншиликлеринен өнимли пайдаланып, қуўдалаў темасын, тоталитар жәмийеттеги әдилсизликлерди, инсан тәғдириниң аянышлы жағдайларын, зорлық-зомбылық, немқурайдылық ҳәм т.б. мәселелерди сүўретлеген. «Бир шаңарақ тарийхы» («Әмиўдәрья» 2003, №1), «Минайым» («Қарақалпақстан жаслары», 2003, май-июнь), «Устазлардың устазы» повестлерин дөретти.

С.Исмайловтың «Пайғамбарлар ҳәм шайтанлар» атлы повести «Әмиўдәрья» журналының бетлеринде жарық көрди. Повестиң көркем қурылысында миллий-эпикалық ҳәм реалистлик ойлаў дәстүрлериниң, мифологиялық ҳәм реалистлик сыпатлардың биригип, бир-бирине қарысқан ҳалда өтлесип кетиўи автор идеясын бериўге хызмет етти. Повестиң тийкарғы идеясы-ҳәзирги алғаў-далғаў өмиримизде инсан баласын инсапқа, ойланып ис көриўге, қоршаған орталыққа абайлап қатнас жасаўға шақырыў.

Ө.Өтеўлиевтың Арал трагедиясының ақыбетлерине арналған «Теңиздиң жини» повести «Еркин Қарақалпақстан» газетасында 2000-жыл №118-130-санларында жәрияланды.

М.Нызановтың «Ақшагүл» повести ҳәзирги дәўир проблемаларына арналған. Бунда бир шаңарақ мысалында адамлар арасында сыйласық, инсап ҳәм инсапсызлық, жақсылық ҳәм жаманлық проблемасы, адам тәғдири, оның қәдир-қымбатының аяқ-асты етилиўи

шеберлик пенен ашып бериледи. Шығармада қаҳарман психологизминиң жасалыўына айрықша итибар қаратылады. Бирақ ғәрезсизлик жыллары қарақалпақ прозасында жоқарыда атап өтилген повестлерди ҳәм Ҳ.Өтемуратованың гүрриңлерин есапқа алмағанда бул жанрлардағы шығармаларды дөретиўшилер тийкарынан жас жазыўшылар болып қалды.

Сораўлар.

1.Ҳәзирги Повесттеги көркемлик излениўшиликлер нелерде айқын көзге тасланады?
2..Ҳәзирги повестлердиң раўажланыўында жазыўшылардың орнын белгилеп бериң.
3.Повестиң жанрлық өзгешеликлерин айтып бериң.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, 1992
2.Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. Нөкис, 2003
3.Мәмбетов Қ. Әдебият теориясы. Нөкис, 1995

## 6 ТЕМА: Ғәрезсизлик дәўиринде қарақалпақ романларының раўажланыў тенденциялары.

**ЖОБА:**

1. **Ҳәзирги романлардың раўажланыў бағдарлары.**
2. **Ҳәзирги романларда қаҳарман образын жаратыў мәселелери.**
3. **Т.Қайыпбергеновтың романларына шолыў.**

80-жылларға келип әдебиятымызда жаңа бурылыслар пайда бола баслады. Усы дәўирдиң биринши ярымында 50-60-жылдай өмир сүрген социолистлик реализм усылы бийкарлана баслады. Поэзия ең жаўынгер жанрға айланып, ол дәўир руўхын бериўге еристи. Бирақ усы ярым жылда поэзиядағы көркем сөзлилик, жасқаншақлық, субьективлик, екинши ярымда ашық сөзлиликке, батырлыққа аўыса баслады. Мине әдебиятымыздың усы күнге шекем раўажланыў бағдарларын ҳәзирги әдебият менен салыстырғанымызда әдеўир жетискенликлерге ерисилгени көзге тасланады.

Т.Қайыпбергеновтың жоқарыда аты аталған дөретпелери тек ғана қарақалпақ прозасында ғана емес, ал, пүткил түркий әдебий-эстетикалық ой дүньясында үлкен жаңалық болганын атап өтиўимиз керек. Бул шығармалар миллий-эпикалық ҳәм ХХ әсир реалистлик прозасының дәстүрлериниң принциплерин бир-бирине синтезлестирип, оларды ҳәзирги шешилиўи тийис проблемалардың көркем жылнамасын дүзиўге хызмет еттириўге деген жазыўшының умтылысынан дөреген. «Қарақалпақнама» шығармасы арқалы Т.Қайыпбергенов тек ғана қаракалпақ прозасында емес, ал, ҳәзирги Орайлық Азия халықлары әдебиятында биринши болып роман-эссе жанрын дөретти. Сонлықтан да, Өзбекстан халық жазыўшысы Ә.Якубов ″Қарақалпақнама″ дөретпесин жоқары баҳалап ″Әййемги Түркстан әдебиятында биринши роман-эссе, ХХ әсир түркий әдебиятында болса, дәслепки нама деген еди. Бул шығармаға М.Қашқарий атындағы жер жүзилик сыйлықтың берилиўи ғәрезсизлик жылларындағы қарақалпақ прозасында үлкен ўақыя болды.

Ғәрезсизлик жылларында Т.Қайыпбергенов прозамызды өзиниң көркем форма, жанр ҳәм стиль саласындағы изленислери менен байытты. Буның мысалы сыпатында оның ″О дүньяға атама хатлар” роман-эссесин келтириўге болады. Бул дөретпе тиккелей Арал трагедиясына арналып, ол өзбек, француз тиллерине аўдарылды, усы арқалы пүткил регионға қәўип салған апатшылықтың көркем тарийхын жер жүзи халықларына мәлимлеўде үлкен хызмет етти. Әлбетте, Т.Қайыпбергеновтың бул дөретпеси тақыр жерден шыққан жоқ. Жазыўшы ол шығарманы жазбастан алдын көп ғана жер жүзилик конференцияларда шығып сөйледи, ҳәр қыйлы тиллерде, баспаларда мақалалар, очерклер жәриялады, бул проблемаға дүнья жүзи жәмийетшилигиниң пикирин қаратты, әсиресе, акад. А.Сахаровтың жазыўшымызды қуўатлап, Москва трибунасынан шығып сөйлеўи

жазыўшының бундай шығарманы дөретиўге әзелден-ақ үлкен таярлықлар көргенлигин аңлатады.

Т.Қайыпбергеновтың және бир жаңа дөретпеси "Қәлбимниң қамусы” деп аталады. Дөретпе автордың философиялық ой-сезимлеринен ибарат, оған жазыўшы репортаж-эссе деп жанрлық атама қойған. "Түркийнама" дөретпеси де белгили әҳмийетке ийе. Бул дөретпе автордың ядында қалған ўақыялар тийкарында жазылған. Дөретпеде пүткил түркий халыклардың образы жаратылған.

Ғәрезсизлик жыллары жазылған романлардың ишинде Ш.Сейтовтың «Жаман шығанактағы ақтуба», К.Алламбергеновтың «Дәрья тартылған жыллары», А.Садықовтың «Таста да гүллейди», С.Исмайловтың «Жүрек галактикасы», Қ.Матмуратовтың «Тербенбес» романлары ҳаққында унамлы пикир билдириўге болады. Дәслепки үш романның тематикасы бир-бирине жақын. ХХ әсирдиң 50-жылларынан баслап ғәрезсизлик жылларына шекемги дәўирде елимизде орын алған машқалалар Әмирхан, Жалғас, Жумабай образлары әтирапында ашып бериледи. Әсиресе, Ш.Сейтовтың романында дәўирдиң ашшы ҳақыйқатлығы ҳеш қандай қыпсаламастан ашып бериледи. Әмирхан бузақылық, ҳийлекерлик, жаўызлықты өзинде жәмлеген образ. Ол өз мақсети, байыў, ҳәмел текшесине көтерилиў жолында ҳеш қандай жеркенишли ҳәрекеттен тайынбайды. Оның ушын басқа адамлар тәғдири бир пул. Ал К.Алламбергенов ҳәм А.Садықовлардың романларындағы Жалғас ҳәм Жумабайлар дәўир теңсизликлери, нызамсызлықлары менен гүресиўге, бунда ҳәр қайсысы өзинше жол таңлаўға бел байлаған қаҳарманлар. Бирақ партиялық жеке ҳәкимлик ҳүким сүрип турған сол дәўирде Жалғас, Жумабай кусағанлардың ҳақыйқатлық ушын гүресте жеңиске ерисиўи мүмкин емес еди. Бул ҳақыйқатлық еки романда да жүдә сәтли ашып бериледи. С.Исмайловтың «Жүрек галактикасы» романы жанрлық жақтан жаңа роман. Ол илимий-фантастикалық жанрда жазылған. Қарақалпақ әдебиятында еле бундай жанрда романлардың дөретилмегенин есапқа алатуғын болсақ, бул роман қарақалпак әдебиятында өз орнына ийе екенлиги сөзсиз.

Қ.Матмуратовтың «Тербенбес» романлары соңғы дәўирдеги әдебиятымызда елеўли қубылыслардың бири болды. Романның ең утыслы таманларының бири де әйне қаҳарман образын жаратыўда ҳәм ҳәзирги дәўир ушын әҳмийетли машқалаларды көтерип шығыўында болып табылады. Романда Х1Х әсирдиң ақыры, ХХ әсирдиң басында Тербенбес атаўының әтирапында жасаған халықтың өмири сөз етиледи. Шығарманың бас қаҳарманы Лепесбай әпиўайы аўыл баласынан ис билермен, ел басшысы дәрежесине шекемги жолларды басып өтеди. Бул жолды жазыўшы исенимли сүўретлей алған. Лепесбай ис үйрениўди баслы мақсет етип өз алдына қояды. Ол киши заводлар қурады, усы арқалы халықты жумыс пенен тәмийинлейди. Екиншиден, өз жеримиздиң тәбийғый инәмын (балықты) халықтың ийгилигине жумсай биледи. Балықты дузлап, қақлап таяр өним ҳалына келтирип Россия ҳәм Европаның басқа еллерине сатыўды шөлкемлестиреди. Ол өз аўылласларына биймиллет ғамхорлық етиўди оларды жумыс пенен тәмийинлеў, берген қарызларын жумыс ислетиў менен өндирип алыў арқалы әмелге асырады. Мине, соның ушын да роман қызықлы окылады ҳәм оқыўшылар тәрепинен қызғын күтип алынды.

Сораўлар.

1.Ҳәзирги роман жанрының раўажланыў бағдарлары қандай?

2.Романлардың идея-тематикасындағы өзгерислер қандай?

3.Т.Қайыпбергеновтың романлары ҳаққында айтып бериң.

4.Ғәрезсизлик дәўиринде жазылған романларға шолыў жасаң.

Пайдаланылған әдебиятлар

1.Мәмбетов Қ. Әдебият теориясы. Нөкис, 1995

2 .Нуржанов.П.Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы.Нөкис, 2003.

3.Қайыпбергенов Т.Қарақалпақпан. Тәўекелшимен. Нөкис, 2003

4. Өтемуратова Х. Қарақалпақ тарийхый романларының поэтикасы. Нөкис, 1997

## 7 ТЕМА: Ҳәзирги әдебий процесс ҳәм поэзия

**Жоба:**

**1.Ҳәзирги поэзияның раўажланыў бағдарлары ҳаққында.**

**2. Поэзияның идея-тематикасындағы өзгерислер.**

**2.Поэзиядағы еркинлик ҳәм көркем поэзияда тема, идея таңлаўдағы изленислер.**

Бул дәўирде қарақалпақ поэзиясы да өз раўажланыў жолына ийе болды. Негизинде поэзияға демократиялық кейпият, көз қарас ертерек 80-жыллардың екинши ярымынан баслап кирип келген еди. Усы жыллары сол дәўирдеги аўқамның ыдырайтуғыны белгили болып қалды. Өйткени, ҳәмме орынларда нызамсызлық, жеке ҳәкимшилик, тәртипсизлик, тубалаўшылық орын алды. Бул нәрсе сол мәмлекетте жасаўшы адамлардың орынлы наразылығын пайда етти. Жәмийетте, проблемалар сондай көбейип кетти, олар бир-бири менен уласып жәмийетти қаплап алды ҳәм бундай жәмийеттиң тозғаны көринип турды. Бизиң шараятымызда экологиялық проблема биринши орынға шықты. Сонлықтанда усы жыллары поэзиямыздын ақсақалларының бири И.Юсупов «Қайта қурыўдың балаларына», «Ашық сөз», «Диалектика», «Корабльлер қойымшылығындағы елес» сыяқлы турмыстың ашшы ҳақыйқатлығын батыл сүўретлейтуғын лирикалық шығармаларын дөретти. Бундай демократиялық кейпият басқа да қарақалпақ шайырларына отти.

Ғәрезсизлик дәўири әдебияттың басқа түрлери сыяқлы поэзияға да еркинлик берди. Сонлықтанда И.Юсупов, К.Рахманов, Т.Қабулов, Ж.Избасқанов, К.Каримов, Ҳ.Айымбетов, Н.Төрешова, С.Ибрагимов, Х.Дәўлетназаров, Б.Генжемуратов, М.Жуманазарова ҳәм т.б. қарақалпақ шайырлары идеялық-тематикалық, жанрлық-формалық изленислер алып барды. Олардың лирикалық шығармаларында еркин пикир айтыў, жаңаша пикирлеў көбирек көринди. И.Юсуповтың усы дәўирдеги лирикалық шығармаларының базы биреўлери ҳаққында жоқарыда айтып өткен едик. Шайыр Ж.Избасқанов та бул дәўирде дөретиўшилик пенен жедел шуғылланды. Шайырдың қосықларында күшли лиризм, жоқары эстетикалық талғам, ең баслысы пикир сулыўлығы көзге тасланады.

Толқынлардың төсин аймалардай,
Желпинесиз жазғы сулыўлар,
Төменде суў емес, айна бардай,
Серпилесиз назлы сулыўлар.

Ямаса

Көргениңиз барма гөззалды,
Таң сәҳәрде шашырап оянған
Ушқынланып әне қозғалды,
Сулыў емес, бир уўыс әрман.

Биринши мысал Ж.Избасқановтың «Шағалалар» қосығынан алынды. Бунда лирик қаҳарман өз сезимлерин шағалалар менен сәўбетке қурады. Тәбияттың еркин ҳәм ерке ағзасы болған шағалалардың ҳәрекетинен гөззаллықты, сулыўлықты көргиси келеди. Оннан эстетикалық заўық алғысы келеди. Екинши мысалда да («Көргениңиз барма гөззалды» қосығынан) әдеттегиден тыс пикирлеў бар. Қарақалпақ халық дәстанларында «батыр уйқысынан шашырап оянды» деген ибараның ислетилетуғынын билемиз. Бунда шашырап ояныў деген бизиң санамызға батырлықтың, айбатлылықтың символы сыпатында сиңеди. Ал шайыр бул қосығында бул ибараны қызлардың гөззаллығын тәбийий ҳалында жеткериў ушын ислетеди.

Х.Дәўлетназаров «Ғайры журттағы қарақалпақлар», «Қозылар» деп аталатуғын қосықларында халқымыздың өтмиши, оның өткендеги өмирине байланыслы эмоцияға толы сезим-пикирлерин береди. Бул қосықлар көркемлиги, тәсиршеңлиги бойынша үлкен табысқа ийе болды. К.Рахмановтың көп ғана қосықлары оқыўшылар тәрепинен қызғын күтип алынды. Әсиресе, шайырдың экологиялық қыйыншылықларды сүўретлеўге арналған қосықлары тәсиршең.

Қөк аспанда теңбил-теңбил ақ бултлар,
Сазарады алағада кеўлимдей,

Шақырғандай болар гейде жат журтлар,
Сениң соңғы қол былғаған белгиңдей.

Қуяш бултқа гә сүңгип, гә жарқ етер,

Тәбияттың бәҳәрдеги назындай.
Диң аспаннан қуслар менен дәрт өтер.
Сести… Аралдың ең ақырғы сазындай…

Мине, бул лирик қаҳарманның қулазыған кеўлинен өтип атырған кеширмелер. Лирик қаҳарман қыялый тәбият пенен сырласып, оның менен дәртлесип атыр. Бул қосық тәбият пенен инсан арасындағы катнасықты, олардың бирисиз екиншиси өмир сүре алмайтуғынын көрсетеди. Шайыр экология проблемасын усы усыл арқалы жеткериўди мақул көрген.

Сондай-ақ бул дәўирде М.Жуманазарованың лирикалық шығарма-ларында батыл пикирлеў, Ҳ.Айымбетовтың лирикаларында пикирди аўыспалы мәниге қурыў, Н.Төрешованың қосықларында ҳаял-қызлардың дүньяға көз карасының сәўлелениўи, Б.Генжемуратовта жанрлық-формалық изленислер көбирек сезилди.

Ғәрезсизлик дәўиринде қарақалпақ шайырлары поэма жанрында да бираз жемисли иследи. Бул дәўирде И.Юсуповтың «Мәңги булақ», «Ўатан топырағы», Ж.Избасқановтың «Қамал» (драмалық поэма), «Оқыўшыма хат», Н.Төрешованың «Тутқын», «Қызымаў», «Аналық ҳаққында қысса», «Жетим қыз», Х.Дәўлетназаровтың «Ийесиз журт», «Қарақалпақ баязы», «Зийўарий шежире», « Әлўидағ муҳаббат. Хош қал жаслығым» (насрый поэма), Б.Генжемуратовтың «Қытай жипегиндеги битик», А.Өтениязованың «Айсултан» ҳ.т.б. поэмалар, Ә.Өтепбергеновтың «Аллаңды умытпа», «Аллада да есап бар», Н.Төрешованың «Ялғаншы» дастанлары жәрияланды. Усы поэмалардың ишинде И.Юсуповтың «Ўатан топырағы» ҳәм Б.Генжемуратовтың «Қытай жипегиндеги битик» поэмалары айрықша сөз етиўди талап етеди.

И.Юсуповтың поэмасында ХХ әсирдиң 30-жылларындағы репрес-сияда мәжбүрий өз ўатанын тәрк еткен ўатанласларымыздың аянышлы тәгдири сөз етиледи. Ҳәр тәреплеме саўатлы Әбдисәмед ахун алыс Туркия елинде жүрип-ақ өзиниң таланты, саўаты, адамгершилиги арқасында көпшиликтиң ҳүрметине миясар болады. Ол өлип баратырып та улы Мамытқа өз ўатанына садық болыўды, оған қайтып барыўды нәсиятлайды. Поэмада Мамыттың ўатан сағынышы, айралық жолындағы азапланыў-лары, кеўил кеширмелери, рухый ҳалаты шеберлик пенен жеткерилген. Өз ўатанын аңсап келген Мамыт қусаған ўатан гедейларына кешеги қызыл империя дәўиринде гумансырап караўлар, оларға жөнсиз азап бериўлер сүўретленген. Өз ўатанының топырағына аяғы тийиўден оған таўап етип, дуўа оқып атырғанда оны жансыз деп гүманланып тюрмаға қамайды.

Қапа болып, албырақлап турғанда,
Үш милийса жетип келди булманға,
Қолға кисен салып сөзге келтирмей,
Жабық машинаға мингизди сонда…

Мине, бул Совет дәўири сиясатының бир көриниси еди.

Поэмада ҳәр ким ибрат алғандай адамгершилик фазыйлетлери сүўретленген орынлар көп. Әбдисәмед ахун баласы Мамыт пенен өз елин тәрк етип Туркиядан баспана табады. Ол жерде басқа адамлар қатары жергиликли жердиң исбилермен, қайыр сақаўатлы инсаны Нурылла бий оларға қайыр сақаўат көрсетеди, баспана береди. Усындай ғамхорлыққа Әбдисәмед ахун адамгершилиги, инсанлық ҳүжданы менен жуўап береди. Нурылла бийдиң үйи өртенип, қызы Жанна от арасында қалғанда өз өмирин қәўипке қойып (денесиниң көп жери ҳәдден тыс күйип кетиўи ақыбетинен Әбдисәмед ахун қайтыс болады) оны аман алып шығады. Қулласы, бул поэма жоқары адамгершилик фазыйлетлери менен ҳәдден тыс жаўызлықты, жақсылық пенен жаманлықты қатара қойып сүўретлеў арқалы инсанға тән болған қурамлылықты ашып береди. Өз пуқараларын тентене еткен

қызыл империяның ҳеш бир ҳуқық нормаларына сыйыспайтуғын сиясатын әшкара етеди. Поэма оқыўшыны өтмишке нәзер таслаў, тыныш турмыстың қәдирине жетиў, адамгершилик сыяқлы уллы түсиник ҳаққында ой жуўыртыўға жетелейди.

Б.Генжемуратовтың поэмасы да оқыўшылар тәрепинен қызғын күтип алынды. Шығарма өзбек тилине аўдарылып жәрияланды. Оған өзбек әдебиятшысы Әзим Суюн «соңғы дәўирде ўатан ҳаққында жазылған ең жақсы шығарма болды» деп баҳалады. Поэмада түрк қағаны Мөде ханның тилинен ел-журт, ўатан тынышлығы ушын елди бирлестириў, жасларды ўатанға садық қылып тәрбиялаўдың усыллары баян етиледи. Мөде хан өз нөкерлериниң садықлығын, бирлигин сынап көриў ушын оларды талай сынақтан өткереди. Қоңсы шын патшасы ең жүйрик тулпарын соратқанда да, он төрт жасар жалғыз қызын соратқанда да ел-журт тынышлығын гөзлеп иркилместен берип жибереди. Бирақ ўатан жеринен бер деп сорағанда иркилместен саўашқа шығады ҳәм шын патшасы үстинен жеңиске ериседи. Демек поэмадан шығатуғын жуўмақ ўатан топырағы, жери ҳәмме нәрседен әзиз. Оны көздиң қарашығындай сақлаў сол жерде жасаўшылардың ҳәр бириниң миннети.

Сораўлар.

1.Ҳәзирги әдебий процессте поэяның орны қандай?
2.Ҳәзирги поэзиядағы өзгерислер ҳаққында айтып бериң.
3.Шайырлардың дөретиўшилиндеги көркемлик излениўшиликлерди айтың.
4.Усы дәўирде поэзиядағы жанрлық көптүрлилик қандай раўажланбақта?

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, 1992
2.Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. Нөкис, 2003
3..Мәмбетов Қ. Әдебият теориясы. Нөкис, 1995
4.Оразымбетов.Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы.Нөкис, 2004.
5.Расулов А. Танқид талқин баҳолаш. Тошкент, 2006

## 8 ТЕМА: Лирикада жанрлық изленислер, көркем форма мәселеси

**ЖОБА:**

1. **Ҳәзирги шайврлврдың дөретиўшиликлерине шолыў.**
2. **Ҳәзирги шайырлардың дөретиўшилигиндеги көркемлик изленислер.**
3. **Әдебиятқа жаңа көркем формалардың пайда болыўында шайырлардың дөретиўшилик излениўшилиги.**

Ғәрезсизлик дәўирине келип көркем әдебиятта, соның ишинде ең жаўынгер жанр есапланатуғын поэзия жанрында да бирқанша өзгерислер жүзеге келди. Оның идея-бағытында өзгерислер пайда бола баслады. Соның менен бирге бул дәўирде қарақалпақ поэзиясы да өз раўажланыў жолына ийе болды. Негизинде поэзияға демократиялық кейпият, көз қарас ертерек 80-жыллардың екинши ярымынан баслап кирип келген еди. Усы жыллары сол дәўирдеги аўқамның ыдырайтуғыны белгили болып қалды. Өйткени, ҳәмме орынларда нызамсызлық, жеке ҳәкимшилик, тәртипсизлик, тубалаўшылық орын алды. Бул нәрсе сол мәмлекетте жасаўшы адамлардың орынлы наразылығын пайда етти. Жәмийетте, проблемалар сондай көбейип кетти, олар бир-бири менен уласып жәмийетти қаплап алды ҳәм бундай жәмийеттиң тозғаны көринип турды. Бизиң шараятымызда экологиялық проблема биринши орынға шықты. Сонлықтанда усы жыллары поэзиямыздын ақсақалларының бири И.Юсупов «Қайта қурыўдың балаларына», «Ашық сөз», «Диалектика», «Кораблльлер қойымшылығындағы елес» сыяқлы турмыстың ашшы

ҳақыйқатлығын батыл сүўретлейтуғын лирикалық шығармаларын дөретти. Бундай демократиялық кейпият басқа да қарақалпақ шайырларына отти.

Ғәрезсизлик дәуири әдебияттың басқа түрлери сыяқлы поэзияға да еркинлик берди. Сонлықтанда И.Юсупов, К.Рахманов, Т.Қабулов, Ж.Избасқанов, К.Каримов, Ҳ.Айымбетов, Н.Төрешова, С.Ибрагимов, Х.Дәўлетназаров, Б.Генжемуратов, М.Жуманазарова ҳәм т.б. қарақалпақ шайырлары идеялық-тематикалық, жанрлық-формалық изленислер алып барды. Олардың лирикалық шығармаларында еркин пикир айтыў, жаңаша пикирлеў көбирек көринди. И.Юсуповтың усы дәўирдеги лирикалық шығармаларының базы биреўлери ҳаққында жоқарыда айтып өткен едик. Шайыр Ж.Избасқанов та бул дәўирде дөретиўшилик пенен жедел шуғылланды. Шайырдың қосықларында күшли лиризм, жоқары эстетикалық талғам, ең баслысы пикир сулыўлығы көзге тасланады.

Шайырдың өз шығармаларына жаңа форма излестириўге дөретиўшилик пенен қатнас жасаўы қосықтың табысын белгилейтуғын критериялардың бири- дейди белгили илимпаз Қ.Оразымбетов.

Белгили әдебиятшы С.Ахметов өзиниң «Қарақалпақ совет поэзиясы» атлы монографиясында қарақалпақ шайырларының шығармаларының көркемлигиниң артып баратырғанлығын, форма таңлаўдағы излениўшиликти, қосық қурылысындағы жаңалықларды ашып береди.

Мине қарақалпақ шайырларынан И.Юсупов, Т.Матмуратов, Ж.Мзбасқанов, С.Ибрагимов, Х.Дәўлетназаров, Ш.Сейтов, К.Каримов, М.Бердиев ҳәм т.б. сыяқлылардың дөретиўшилигинде көркемлик излениўшиликтиң бар екени көзге тасланады. Мәселен;

Толқынлардың төсин аймалардай,
Желпинесиз жазғы сулыўлар,
Төменде суў емес, айна бардай,
Серпилесиз назлы сулыўлар.

Ямаса

Көргениңиз барма гөззалды,
Таң сәҳәрде шашырап оянған
Ушқынланып әне қозғалды,
Сулыў емес, бир уўыс әрман.

Биринши мысал Ж.Избасқановтың «Шағалалар» қосығынан алынды. Бунда лирик қаҳарман өз сезимлерин шағалалар менен сәўбетке қурады. Тәбияттың еркин ҳәм ерке ағзасы болған шағалалардың ҳәрекетинен гөззаллықты, сулыўлықты көргиси келеди. Оннан эстетикалық заўық алғысы келеди. Екинши мысалда да («Көргениңиз барма гөззалды» қосығынан) әдеттегиден тыс пикирлеў бар. Қарақалпақ халық дәстанларында «батыр уйқысынан шашырап оянды» деген ибараның ислетилетуғынын билемиз. Бунда шашырап ояныў деген бизиң санамызға батырлықтың, айбатлылықтың символы сыпатында сиңеди. Ал шайыр бул қосығында бул ибараны қызлардың гөззаллығын тәбийий ҳалында жеткериў ушын ислетеди.

Сондай-ақ бул дәўирде М.Жуманазарованың лирикалық шығарма-ларында батыл пикирлеў, Ҳ.Айымбетовтың лирикаларында пикирди аўыспалы мәниге қурыў, Н.Төрешованың қосықларында ҳаял-қызлардың дүньяға көз карасының сәўлелениўи, Б.Генжемуратовта жанрлық-формалық изленислер көбирек сезилди.

Сораўлар

1.Ҳәзирги шайырлардың дөретиўшилигиндеги көркемлик изленислер қандай?
2.Ж.Избасқанов, Х.Дәўлетназаров, С.Ибрагимовлардың дөретиўшилигиндеги көркемлик изленислер ҳаққында айтып бериң.
3.Илимпаз Қ.Оразымбетовтың докторлық диссертациясында ҳәзирги дәўир шайырлардың көркемлик излениўшиликлери қандай аспектте изертленген?
4.С.Ибрагимовтың, Х.Дәўлетназаровтың насрый қосықларының жанрлық өзгешеликлери ҳаққында айтып бериң.

Пайдаланылған әдебиятлар
1. Нуржанов П. Дәуир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, 1992
2.Мәмбетов Қ. Әдебият теориясы. Нөкис, 1995
3.Оразымбетов.Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы.Нөкис, 2004.
4.Юсупов И. Өмир саған ашықпан. Нөкис, 2000
5.Дәўлетназаров Х. Әлиўдағ муҳаббат, әлиўдағ. Нөкис, 1992

## 9 ТЕМА: Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ поэмалары. (И.Юсупов «Ўатан топырағы», Б.Генжемуратов «Қытай жипегиндеги битик» поэмалары)

**ЖОБА:**

1. **Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ әдебиятында поэма жанрының раўажланыў бағдарлары.**
2. **Ҳәзирги поэмаларға улыўма шолыў.**
3. **И.Юсупов ҳәм Б.Генжемуратовлардың поэмалық дөретпелерин талқылаў.**

Ғәрезсизлик дәўирде әдебиятымыз жанрлық көптүрлиликти пайда етип, қарақалпақ жазыўшы-шайырлары өзлериниң ой-пикирин ҳәр түрли формада бериўге ҳәм идея-мазмуны жағынан тәрбиялық әҳмийетке ийе шығармалар жаратыўға умтылмақта. Бундай жағдайда сыртқы әдебиятлардың да тәсири күшли болды. Мине сонлықта қарақалпақ әдебиятында поэма жанры да тез пәт менен қәлиплести. Сонлықтан Ғәрезсизлик дәўиринде қарақалпақ шайырлары поэма жанрында да бираз жемисли иследи. Бул дәўирде И.Юсуповтың «Мәңги булақ», «Ўатан топырағы», Ж.Избасқановтың «Қамал» (драмалық поэма), «Оқыўшыма хат», Н.Төрешованың «Тутқын», «Қызымаў», «Аналық ҳаққында қысса», «Жетим қыз», Х.Дәўлетназаровтың «Ийесиз журт», «Қарақалпақ баязы», «Зийўарий шежире», « Әлўидағ муҳаббат. Хош қал жаслығым» (насрый поэма), Б.Генжемуратовтың «Қытай жипегиндеги битик», А.Өтениязованың «Айсултан» ҳ.т.б. поэмалар, Ә.Өтепбергеновтың «Алланды умытпа», «Аллада да есап бар», Н.Төрешованың «Ялғаншы» дастанлары жәрияланды. Усы поэмалардың ишинде И.Юсуповтың «Ўатан топырағы» ҳәм Б.Генжемуратовтың «Қытай жипегиндеги битик» поэмалары айрықша сөз етиўди талап етеди.

И.Юсуповтың поэмасында XX әсирдиң 30-жылларындағы репрес-сияда мәжбүрий өз ўатанын тәрк еткен ўатанласларымыздың аянышлы тәгдири сөз етиледи. Ҳәр тәреплеме саўатлы Әбдисәмед ахун алыс Туркия елинде жүрип-ақ өзиниң таланты, саўаты, адамгершилиги арқасында көпшиликтиң ҳүрметине миясар болады. Ол өлип баратырып та улы Мамытқа өз ўатанына садық болыўды, оған қайтып барыўды нәсиятлайды. Поэмада Мамыттың ўатан сағынышы, айралық жолындағы азапланыў-лары, кеўил кеширмелери, рухый ҳалаты шеберлик пенен жеткерилген. Өз ўатанын аңсап келген Мамыт қусаған ўатан гедейларына кешеги қызыл империя дәўиринде гумансырап караўлар, оларға жөнсиз азап бериўлер сүўретленген. Өз ўатанының топырағына аяғы тийиўден оған таўап етип, дуўа оқып атырғанда оны жансыз деп гүманланып тюрмаға қамайды.

Қапа болып, албырақлап турғанда,
Үш милийса жетип келди булманға,
Қолға кисен салып сөзге келтирмей,
Жабық машинаға мингизди сонда…

Мине, бул Совет дәўири сиясатының бир көриниси еди.

Поэмада ҳәр ким ибрат алғандай адамгершилик фазыйлетлери сүўретленген орынлар көп. Әбдисәмед ахун баласы Мамыт пенен өз елин тәрк етип Туркиядан баспана табады. Ол жерде басқа адамлар қатары жергиликли жердиң исбилермен, қайыр сақаўатлы инсаны Нурылла бий оларға қайыр сақаўат көрсетеди, баспана береди. Усындай

ғамхорлыққа Әбдисәмед ахун адамгершилиги, инсанлық ҳүжданы менен жуўап береди. Нурылла бийдиң үйи өртенип, қызы Жанна от арасында қалғанда өз өмирин қәўипке қойып (денесиниң көп жери ҳәдден тыс күйип кетиўи ақыбетинен Әбдисәмед ахун қайтыс болады) оны аман алып шығады. Қулласы, бул поэма жоқары адамгершилик фазыйлетлери менен ҳәдден тыс жаўызлықты, жақсылық пенен жаманлықты қатара қойып сүўретлеў арқалы инсанға тән болған қурамлылықты ашып береди. Өз пуқараларын тентене еткен қызыл империяның ҳеш бир ҳуқық нормаларына сыйыспайтуғын сиясатын әшкара етеди. Поэма оқыўшыны өтмишке нәзер таслаў, тыныш турмыстың қәдирине жетиў, адамгершилик сыяқлы уллы түсиник ҳаққында ой жуўыртыўға жетелейди.

Б.Генжемуратовтың поэмасы да оқыўшылар тәрепинен қызғын күтип алынды. Шығарма өзбек тилине аўдарылып жәрияланды. Оған өзбек әдебиятшысы Әзим Суюн «соңғы дәўирде ўатан ҳаққында жазылған ең жақсы шығарма болды» деп баҳалады. Поэмада түрк қағаны Мөде ханның тилинен ел-журт, ўатан тынышлығы ушын елди бирлестириў, жасларды ўатанға садық қылып тәрбиялаўдың усыллары баян етиледи. Мөде хан өз нөкерлериниң садықлығын, бирлигин сынап көриў ушын оларды талай сынақтан өткереди. Қоңсы шын патшасы ең жүйрик тулпарын сoратқанда да, он төрт жасар жалғыз қызын соратқанда да ел-журт тынышлығын гөзлеп иркилместен берип жибереди. Бирақ ўатан жеринен бер деп сорағанда иркилместен саўашқа шығады ҳәм шын патшасы үстинен жеңиске ериседи. Демек поэмадан шығатуғын жуўмақ ўатан топырағы, жери ҳәмме нәрседен әзиз. Оны көздиң қарашығындай сақлаў сол жерде жасаўшылардың ҳәр бириниң миннети.

Усындай мазмундағыпоэмалар менен қарақалпақ поэмаларының көркемлиги артып бармақта ҳәм раўажланыў жолына түсти.

Сораўлар.

1.И.Юсуповтың поэмасының идея-мазмунын айтып бериң.

2.Б.Генжемуратовтың поэмалық шығармасының жанрлық өзгешеликлери қандай?

3.Поэма жанры ҳәзирги ўақытта қандай раўажланып атыр?

Пайдаланылған әдебиятлар

1.Оразымбетов.Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы.Нөкис, 2004.

2.Юсупов И. Өмир саған ашықпан. Нөкис, 2000

3.Генжемуратов Б.Саратан. Нөкис, 1990

## 10 ТЕМА: Ҳәзирги әдебий процессте драматургияның орны.

**ЖОБА:**

**1.Ҳәзирги драмалық шығармаларға улыўма шолыў.**

**2. Ҳәзирги драматургия ҳәм оның раўажланыў барысы.**

Ҳәзирги әдебияттағы драматургияның раўажланыўында да жаңаша бурылыслардың жүзеге келгенлиги ҳәммемизге мәлим. Ҳәзирги драматургияның баслы тематикасы да бүгинги жәмийетимизде болып атырған баслы рефомаларды өз сахнасында көрсете билиўи ҳәм оны адамлардың ойлаўына тәсир еттириў баслы ўазыйпа болып тур, себеби Республикамызда ҳәзирги қалып баратырған баслы  проблемалар драматургияда да маўасалы ҳәм маўасасыз (антогонично) конфликтлер арқалы ғана иске асыўы шәрт. Себеби пьесада, конфликт шығаманың, ондағы образлардың бирден бир жаны, автордың идеясын гүрес арқалы ашатуғын баслы фактор. Сонлықта ғәрезсизлик дәўиринде әдебиятымыз жанрлық көптүрлиликти пайда етип, қарақалпақ жазыўшылары өзлериниң ой-пикирин ҳәр түрли формада бериўге ҳәм идея-мазмуны жағынан тәрбиялық әҳмийетке ийе шығармалар жаратыўға умтылмақта.

Ғәрезсизлик дәўиринде қарақалпақ драматургиясы да раўажланыўға ийе болды. Бул жыллары Қ.Матмуратовтың «Бир үйде еки өмир», «Әкели жетимлер», «Өмирбек ҳәм

тазша», «Ақ текеш ҳәм көк текеш», А.Өталиевтиң «Ерназар Алакөз», «Әмир Темурдың бир күни», «Султан Жалелетдин», Ш.Сейтовтың «Халқабад романы тийкарында жазылған «Қутлы жол» пъесасы (қайта ислеген Қ.Матмуратов), «Шарияр» дастаны тийкарында жазылған «Шарияр» пъесасы (Қ.Матмуратов), М.Нызановтың «Еки дүньяның әўереси», К.Рахмановтың «Тәғдир соққысы», Б.Баймурзаевтың «Бәддиўа», «Пәлектиң гәрдиши», А.Өтениязованың «Жигиттиң ығбалын берсин», «Муҳаббат ҳәм ғәзеп», «Үмит ушқыны», «Жумбағы көп дүнья бул», С.Жумағуловтың «Экстрасенс», «Күйеўиңди берип тур», «Адамлар қалай бузылған», «Бултлы күнлер» пъесалары жазылды. Бул пъесалар сахналастырылып тамашагөйлердиң нәзерине усынылды.

«Бир үйде еки өмир» пъесасы драмалық жанрда жазылған. Онда әпиўайы бир үйдиң өмири арқалы турмыстың драмалық тәрепи ашып бериледи. Бир үйдиң еки келини еки қыйлы минездеги, еки қыйлы дүнья түсинигиндеги келин. Олардың ата-аналары да сондай. Шығармадағы тийкарғы конфликт те шаңарақ ағзалары арасындағы тартысқа қурылған. Қулласы, бул шығарма ҳәзирги дәўир темасынан алып жазылған болып, онда миллий менталитет проблемасы, миллий үрп-әдет, дәстүрлерге садықлық мәселелери баслы орынға қойылады.

«Өмирбек ҳәм тазша» комедиясы да табысқа ийе болды. Онда Өмирбектиң тапқырлығы, сөзге шешенлиги, бәрқулла кеўилли жүриўи оған деген сүйиспеншиликти оятады. Өмирбек қарақалпақлардың миллий қаҳарманы. Оның атына байланыслы жүдә көп санлы анекдотлар бар. Өмирбек айтыпты деген ушырма сөзлер халық арасында толып атыр. Бурын да И.Юсупов тәрепинен жазылған «Өмирбек лаққы» комедиясы узақ жыллар даўамында қарақалпақ сахнасында қойылған еди. Қ.Матмуратовтың комедиясы да үлкен табысқа ийе болды. Өмирбектиң Таўасар бай менен бәсекиге түсиўи ҳәм онда жеңип шығыўы бир неше күлкили эпизодлар арқалы бериледи. Пъесада Қулымбет қазы, Тазша, Лабақ, Таўасар байдың кемпири образлары сәтли шыққан. М.Нызановтың «Еки дүньяның әўереси» пъесасы да комедия жанрында жазыл2ан. Онда бурын2ы склад баслығы о дүнья2а барғаннан кейин де гүнәси көп болғаннан кейин көп сораўға тутылады. Қулласы, ол о дуньяның да, бул дүньяның да әўересине айланады.

Бул дәўирде жазылған драмалық шығармалардың ишинде А.Өталиевтиң «Ерназар Алакөз» драмасын ең сәтли жазылған сахналық шығармалардың қатарына киргизиўге болады. Шығарманың тийкары Х1Х әсир қарақалпақлардың өмиринен алып жазылған. Усы дәўирдеги миллий қаҳарман Ерназар Алакөз пъеса орайында турады. Пъесадағы ўақыялардың тарийхый шынлыққа қурылыўы, онда қатнасыўшы персонажлардың да тарийхта болыўы, олардың ҳәрекетлериниң исенимли шығыўы бул шығармаға табыс алып келди. Усы автордың «Әмир Темурдың бир күни», «Султан Жалелетдин» атлы пъесалары да тарийхый шахслардың өмиринен алып жазылыўы менен баҳалы.

Сондай-ақ бул дәўирде бир қатар басқа халықлардың әдебиятынан да драмалық шығармалар қарақалпақ тилине аўдарылды. Мәселен, Өзбекстан қаҳарманы А.Ариповтың «Сахып қыран» пъесасы, қазақ драматурглери С.Балғабаевтың «Бизлер де ашық болғанбыз», «Ең сулыў келиншек», «Муҳаббатсыз әсир», К.Жетписбаевтың «Бул қандай той», Б.Журтовтың «Қәйинене қылўасы», К. Сүйинишовтың «Кемпир-ғаррының еркеси», азербайжан драматурги Г.Хугаевтың «Қатынымды қайтып бер», өзбек драматурги Багдасаровтың «Жығылғанға жудырық», түркмен драматурги Н.Гуллаевтың «Кейипли келин», қырғыз драматурги Н.Закиевтиң «Әке тәғдири», тәжик драматурги М.Бахтийдиң «Мектептеги муҳаббат» пъесаларын атап өтиўге болады. Бул шығармалар қарақалпақ театрының репертуарын кеңейтиў менен бирге қарақалпақ драматургиясын да байытты.

Улыўмаластырып айтқанда ғәрезсизлик дәўиринде қарақалпақ драматургиясы усындай өзиншеликлерге ийе болды. Ол әдебияттың басқа түрлерине салыстырғанда әззи раўажланды. Бул дәўирде көбирек комедия жанрына итибар берилди. Әсиресе, жеңил күлки туўдыратуғын ҳәр қыйлы тамашалар театрда көбирек сахналастырылды. Драма жанрында шыгармалар дым аз жазылды. Ал трагедия жанры болса улыўма итибардан шетте қалды.

Сораўлар.

1. Ҳәзирги драматургияның раўажланыў барысы ҳаққында айтып бериң.

2.А.Өталиевтиң «Ерназар Алакөз» драмасының идея-мазмуны қандай?

3.Қ.Матмуратовтың «Бир үйде еки өмир», «Әкели жетимлер», «Өмирбек ҳәм тазша», «Ақ текеш ҳәм көк текеш» комедиялары ҳаққында айтып бериң ҳәм олардың драматургиядағы орны қандай?

## 11 ТЕМА: Ҳәзирги әдебий процестиң изертлениўи.

**ЖОБА:**

1. **Ҳәзирги әдебий процесс ҳәм әдебияттаныў.**
2. **Ҳәзирги әдебияттаныўдағы илимий изертлеўлерге шолыў.**

Өзбекистан Республикасы Ғәрезсизлик алғаннан кейин әдебий процесстиң раўажланыўы ҳәм оны изертлеў мәселелери жүзеге келди. Себеби, енди илим изертлеў тараўында да жаңаша көз-караслар менен илимий жумыс алып барыў керек екенин илимпазлар жақсы түсине баслады. Себеби ХХ әсир ққ әдебиятына нәзер салғанымызда 20-жыллардың ққ әдебиятында әдебияттың үстинен партиялық қадағалаўдың кем-кемнен күшейгенин, жазыўшы-шайырлардың көз-қарасындағы сиясий шеклениўшиликтиң пайда болғанын билемиз. Сондай-ақ усылардың салдарынан агитациялық-пропагандалық характердеги, қурғақ шаңараққа қурылған, дин ийелерин, бардашлы адамларды жөнли-жөнсиз минге алған шығармалар көбейгени ҳеш кимге сыр емес. Ал 80-жыллардағы ққ-әдебиятында болса сол дәўирдеги ҳалқымыздың сиясий-жәмийетлик, экономикалық ҳәм мәдений өмириндеги өзгерислердиң әдебиятқа тийгизген тәсири нәтийжесинде әдебияттың раўажланыў бағдарлары өзгериске ушырады. Мәселен, Қарақалпақстанда мәдений революцияның табыслары, мектеплердиң санының көбейиўи, муғаллимлер институтының, илим иззертлеў институтының ашылыўы, мәмлекетлик театрдың жүзеге келиўи, баспа сөздиң раўажланыўы, және бул дәўирде жазыўшы шайырлардың қатарының толыўы, дөретиўшилик диапозының кеңейиўи, Қарақалпақстанда жазыўшылар союзының дүзилиўи х.т.б. ўақыялардың тәсиринен әдебиятта идеялық-тематикалық, жанрлық, формалық бағдар жүзеге келди. Ал 80-жыллардың екинши ярымынан баслап жалпы репрессияда көплеген жәмийелик ҳәм мәмлекетлик искерлерди наҳақтан жазалаған еди. Бул жағдай әдебиятқа толмас зыян тийгизди. Сондай-ақ усы дәўирде әдебиятта Конфликтсизлик теориясы пайда болды. 50-60-жыллардағы ққ-әдебиятында жазыўшы-шайырлар шеберлик мәселесине улкен итибар берди. Сонлықтан көркем излениўшиликлер алып барыўға еристи. Мине 80-жылларға келип әдебиятымызда жаңа бурылыслар пайда бола баслады. Усы дәўирдиң биринши ярымында 50-60-жылдай өмир сүрген социалистлик реализм усылы бийкарлана баслады. Поэзия ең жаўынгер жанрға айланып, ол дәўир руўхын бериўге еристи. Бирақ усы ярым жылда поэзиядағы көркем сөзлилик, жасқаншақлық, субьективлик, екинши ярымда ашық сөзлиликке, батырлыққа аўыса баслады. Мине әдебиятымыздың усы күнге шекем раўажланыў бағдарларын ҳәзирги әдебият менен салыстырғанымызда әдеўир жетискенликлерге ерисилгени көзге тасланады. Мәселен усы дәўирдеги поэзияны алып қарайық. Ҳәзирги дәўирдеги ққ- шайырларының шығармаларының көркемлигиниң артып, форма таңлаўда излениўшилик пайда етип, қосық қурылысында жаңалықларды жүзеге шығарды. Бунда шайырлардың жаңаша көз-қарасы тәсир етсе,екиншиден сыртқы әдебий тәсирдиң де нәтийжеси деп қараўға болады. Усы дәўир ққ- шайырлары пикирди жеткериў ушын ықшам композициялық формадан утымлы пайдаланған. Яки болмаса проза жанрын алып қарайық, ғәрезсизликтен алдынғы ққ- жазыўшыларының шығармаларында көбинесе, я алыс өтмиш ўақыяларына, я бирде октябрь аўдарыспағы алдындағы ямаса сол дәўирдеги ўақыяларды сүўретлеўге умтылды. Бул жолда, әлбетте, олар белгили табысларға да еристи. Бирақ, бунда коммунистлик идеологияның тәсири басым болды. Мине ғәрезсизликке ерисилгеннен кейин әдебиятта баслы қурал болып келген социалистлик реализмниң искенжесинен қутылған, көркем сөз усталарымыз жәмийетлик турмыс ўақыяларын өзиниң бар ҳалында, түрлише, рәң-бәрең жағдайында сүўретлеўге мүмкиншилик алды. Мине,

әдебий ҳәрекеттиң усындай жағдайларын изертлеўде де жаңаша бағдар керек екни көзге тасланды. Сонлықтан, ҳәзирги илим изертлеўшилердиң мийнетлеринде әдебий процесс жаңаша мазмунға ҳәм формаға ийе болған көринисте изертленген. Мәселен; филология илимлериниң докторлары: Ю.Пахратдиновтың, Ә.Пахратдиновтың, Қ.Жәримбетовтың, Қ.Оразымбетовтың, С.Баҳадырованың, Ж.Ешниязовтың, А.Ҳамидованың ҳ.т.б. илимий мийнетлеринде усындай жаңа пикирлерди ушыратамыз.

Сораўлар.

1.Ҳәзирги әдебияттаныўдағы илимий мийнетлерге шолыў жасаң.

2.Белгили илимпазлар Ә.Пахратдинов, Қ.Жәримбетов, Қ.Оразымбетов, С.Баҳадырова ҳәм т.б. илимий мийнетлеринде қандай мәселелер изертленген

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, 1992

2.Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. Нөкис, 2003

3..Мәмбетов Қ. Әдебият теориясы. Нөкис, 1995

4.Оразымбетов.Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы.Нөкис, 2004.

5.Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ классик лирикасының жанрлық қәсийетлери. Нөкис, 2004

## 12 ТЕМА: Әдебияттаныў илиминдеги теориялық, проблемалық изертлеўлер

**ЖОБА:**

1. **Әдебияттың лирика жанрының изертлениўине шолыў.**
2. **Поэзия тараўының изертлениўиндеги баслы ўазыйпалар.**
3. Әдебияттаныў илиминде әдебият теориясын изертлеўдеги мәселелер ҳаққында.

Көркем әдебияттың көп ғана мәселелери, әсиресе, лирика жанрының раўажланыўы, көркемлик қәсийетлери мәселеси барлық әдебиятшылардың дыққат-итибарын өзине тартып келди. Соның ушын ҳәзирги күнге шекем қарақалпақ әдебияттаныў илиминде теориялық мәселелерге, қосық қурылысына бағышланған бирқанша илимий мийнетлер жүзеге келди. Филология илимлериниң докторы С.Ахметовтың дүзген «Әдебияттаныў терминлериниң қысқаша сөзлиги» (Нөкис, 1972) мийнетинде әдебияттаныў илиминиң барлық тараўлары, соның ишинде қосық элементлери: уйқас, бәнт, ырғақ сыяқлы мәселелери жөнинде түсиник берилген ҳәм бул мийнет поэзияның көркем формаларын билиўде ҳәм үйрениўде қунлы мийнетлерден болып табылады.

Белгили әдебиятшы Қ. Муратбаевтың «Қарақалпақ поэзиясында қосық қурылысы» (Нөкис,1977) деген мийнетинде қосық өлшемлери, ритм, уйқас, буўнақ, тармақ сыяқлы мәселелер жөнинде кеңнен сөз етиледи. Бул жумыста излениўши қарақалпақ қосық қурылысын түркий тиллес халықлардың поэзиясы менен типологиялық характерде екенин материалларға сүйенген ҳалда изертлеген.

Проф. К.Мәмбетовтың «Әдебият теориясы» (Нөкис,1995) атлы монографиясында да әдебияттың барлық тараўлары менен биргеликте лирика ҳәм оның көркем формалары ҳаққында теориялық сыпатламалар бериледи.

Филология илимлериниң докторы Қ.Оразымбетовтың «Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик» (Нөкис, 1992) атлы кандидатлық диссертация жумысында ҳәм «Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы» (Нөкис, 2004) атлы монографиялық жумысында ҳәзирги қарақалпақ лирикасы жөнинде сөз ете отырып, көркем форма саласында да раўажланыўдың бар екенин изертлеген. Соның ишинде қарақалпақ әдебиятында еркин қосықлардың жанрлық өзиншеликлери, олардың формалық қәсийетлери, оларды пайда

ететуғын тийкарғы элементлер, қосықтың дүзилиси сыяқлы мәселелер көркем текстлик материалларға тийкарланған ҳалда изертлеген ҳәм тийисли жуўмақлар шығарылған.

Филология илимлериниң докторы Қ.Жәримбетовтың «XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы» (Нөкис,2004) деген монографиялық жумысында қарақалпақ лирикасының миллий көркемлик сағалары, XIX әсирдеги қарақалпақ лирикасының жанрлық өзгешеликлери анықланып классификацияланады.

1970-2000-жыллар қарақалпақ поэзиясының раўажланыў өзиншеликлери ҳаққында қарақалпақ әдебияттаныў илиминде бирқанша изертлеўлер пайда болды. Олардан: З.Бекбергенованың «Ҳәзирги заман қарақалпақ поэзиясында халық аўызеки поэтикасының дәстүрлери (70-80-жыллар)» (Нөкис, 1995) деген кандидатлық диссертация жумысында 70-80-жыллар қарақалпақ поэзиясында халық аўызеки поэтикасындағы дәстүрлердиң, қосық формаларының шайырлар Т.Жумамуратов, И.Юсупов, Т.Мәтмуратов ҳәм т. б. поэзиясында қолланылыў өзиншеликлери ҳаққында баҳалы пикирлер айтылған.

А.Ҳамидова «И.Юсуповтың творчествосы ҳәм Европа әдебияты (Әдебий байланыслар ҳәм әдебий тәсирлер мәселеси)» (Нөкис, 1999) деген кандидатлық диссертация жумысында Европа әдебиятының әдебий тәсириниң қарақалпақ әдебиятындағы көринисин белгили шайыр И.Юсуповтың лирикасы мысалында жақсы анализлеген.

М.Мәмбетованың «И. Юсупов поэзиясының қосық қурылысы» (Нөкис, 1999) атлы кандидатлық диссертация жумысында да қосық элементлери: уйқас, өлшем, бәнт, буўнақ ҳаққында кеңнен тоқталып, олардың қосықты пайда етиўдеги әҳмийети шайыр И.Юсуповтың қосықлары мысалында изертленген.

Э.Ешниязованың «Төлепберген Мәтмуратовтың лирикасы (Идеялық-тематикалық, жанрлық ҳәм көркемлик өзиншеликлери)» (Нөкис,2000) деген кандидатлық диссертация жумысында да усы дәўир қарақалпақ поэзиясының раўажланыў өзиншеликлери, идея-тематикалық бағдарлары, қарақалпақ лирикасының жанрлары сыяқлы мәселелер тек ғана белгили шайыр Т.Мәтмуратовтың дөретиўшилиги мысалында анықланған. Сондай-ақ, бул диссертацияда Т.Мәтмуратовтың дөретиўшилигинде кеңнен қолланылған еркин қосықлардың жанрлық, формалық қәсийетлери бойынша да жақсы теориялық пикирлер айтылған

Д.Пахратдинов өзиниң «И.Юсупов лирикасында Шығыс классиклери дәстүрлери (Әдебий байланыслар ҳәм тәсирлер ҳаққында)» (Нөкис,2001) деген кандидатлық диссертациясында қарақалпақ поэзиясында Шығыс классиклериниң дөреткен образларының, Шығыс поэзиясы дәстүрлериндеги идеялық бағдардың ҳәм Шығыс классиклериниң жанрларының ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында сәўлелениуйин белгили шайыр И.Юсуповтың дөретиўшилиги мысалында изертлеген. Шайырдың лирикасы Шығыс классиклери Наўайы, Физулы, Мақтымқулы ҳәм т.б. шайырлардың дөретиўшилиги менен салыстырылып үйренилген.

Усындай илимий мийнетлер 90-2000-жыллар қарақалпақ поэзиясының раўажланыў жағдайларын, ҳәр тәреплемели жетисКенликлерге ерискенлигин анықлаўда үлкен әҳмийетке ийе.

Қарақалпақ поэзиясындағы еркин қосықлар ҳаққында филология илимлериниң кандидаты П.Нуржановтың «Верлибр ҳаққында ойлар» («Әмиўдәрья», 1990, N 4), атлы мақаласы да дыққатқа ылайық. Автор өз мақаласында еркин қосыққа теориялық сыпатлама бериў менен бирге өзинен бурынғы еркин қосықты изертлеген рус илимпазларының қосықтың жанрлық ҳәм формалық жақтан өзиншеликлери ҳаққында айтқан пикирлерине де өзиниң көз қарасын билдиреди. Бул мақала қарақалпақ әдебиятында еркин қосықларды үйрениўде әҳмийетлиги менен белгиленеди.

Э.Ешниязованың «Т.Мәтмуратовтың дөретиўшилигинде еркин қосық формасы» («Әмиўдәрья», 1998, № 1-2), Қ.Юсуповтың «Еркин қосық қарақалпақ әдебиятында жаңалық па?». («Жас Ленинши», 1991, 12-ноябрь), Ҳ.Айымбетовтың «Аппақ думанлар атында» («Жас Ленинши», 1990, 5-январь) сыяқлы авторлардың мақалалары қарақалпақ әдебиятында еркин қосықлардың өзине тән жанрлық қәсийетлери, оның басқа көркем формалардан айырмашылықлары ҳаққында жазылды.

Қарақалпақ әдебияттаныў илимин жақсы изертлеп үйрениўде қарақалпақ илимпазлары үлкен хызмет атқарып атыр. Мәселен, ХХ әсир қарақалпақ әдебияттаныў илимин раўажландырыўда Н.Дәўқараев, М.Нурмухамедов, С.Ахметов, Қ.Мақсетов, Қ.Мамбетов ҳәм т.б. илимпазлар көп мийнетлер етти. Соның ишинде әдебият теориясы тараўы бойынша белгили илимпазлар С.Ахметов, Қ.Мәмбетов, Қ.Жәримбетов, Ж.Есенов ҳәм т.б. мийнетлери баҳалы мийнетлерден болып табылады. Олардың илимий мийнетлери қарақалпақ әдебиятының ҳәртәреплеме бағдарларын ашып бериўде үлкен баҳалы жумуслар екени мәлим.

Белгили әдебиятшы Қ. Муратбаевтың «Қарақалпақ поэзиясында қосық қурылысы» деген мийнетинде қосық өлшемлери, ритм, уйқас, буўнақ, тармақ сыяқлы мәселелер жөнинде кеңнен сөз етиледи. Бул жумыста излениўши қарақалпақ қосық қурылысын түркий тиллес халықлардың поэзиясы менен типологиялық характерде екенин материалларға сүйенген ҳалда изертлеген.

Проф. К.Мәмбетовтың «Әдебият теориясы» (Нөкис,1995) атлы монографиясында да әдебияттың барлық тараўлары менен биргеликте лирика ҳәм оның көркем формалары ҳаққында теориялық сыпатламалар бериледи.

Филология илимлериниң докторы Қ.Оразымбетовтың «Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик» (Нөкис, 1992) атлы кандидатлық диссертация жумысында ҳәм «Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы» (Нөкис, 2004) атлы монографиялық жумысында ҳәзирги қарақалпақ лирикасы жөнинде сөз ете отырып, көркем форма саласында да раўажланыўдың бар екенин изертлеген. Соның ишинде қарақалпақ әдебиятында еркин қосықлардың жанрлық өзиншеликлери, олардың формалық қәсийетлери, оларды пайда ететуғын тийкарғы элементлер, қосықтың дүзилиси сыяқлы мәселелер көркем текстлик материалларға тийкарланған ҳалда изертлеген ҳәм тийисли жуўмақлар шығарылған.

Филология илимлериниң докторы Қ.Жәримбетовтың «XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы» (Нөкис,2004) деген монографиялық жумысында қарақалпақ лирикасының миллий көркемлик сағалары, XIX әсирдеги қарақалпақ лирикасының жанрлық өзгешеликлери анықланып классификацияланады. Оларға теориялық сыпатлама бериледи.

Жуўмақлап айтқанда әдебият теориясы ҳәзирги әдебияттаныўдың изертлениўиндеги баслы тараўлардан бири болып тур.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, 1992
2.Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. Нөкис, 2003
3..Мәмбетов Қ. Әдебият теориясы. Нөкис, 1995
4.Оразымбетов.Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы.Нөкис, 2004.
5.Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис, 2004

## 13 тема. Ғәрезсизлик дәўириндеги әдебий сын

**1.1990-жыллардағы поэзия сыны**
**2.Көркем проза әдебий сынның баҳалаўында**
**3.1990-жыллардағы драматургия сыны**

XX әсирдиң 90-жылларындағы қарақалпақ әдебий сынына байланыслы да айтыўға болады. Өйткени тап усы жыллардағы рецензиялар негизинен белгили әдебият сыншылары ҳәм әдебият изертлеўшилери болған Қ.Султанов, Қ.Байниязов, Б.Қәлимбетов, К.Алламбергенов ҳ.т.б. менен бирге Ж.Есенов, Қ.Оразымбетов, П.Нуржанов, З.Бекбергенова ҳ.т.б. сыяқлы әдебий эстетикалық ой менен әдебият илимине сәл кейинирек актив араласып атырған қәлем ийелери тәрепинен бурыннан қәлеми ысылған ҳәм жас буўындағы шайырлар болып есапланған И.Юсупов, Т.Жумамуратов, Х.Сейтов, Б.Қайыпназаров, М.Сейтниязов, Т.Мәтмуратов, Ш.Сейтов, Т.Сәрсенбаев, К.Рахманов, Ж.Избасқанов, Х.Дәўлетназаров, Ә.Өтепбергенов, М.Жуманазарова, Н.Төрешова, Ш.Аяпов, О.Сәтбаев, М.Бердиевлардың жаңа топламларына ямаса олардың айырым ири көлемли жеке лирикалық, лиро-эпикалық шығармаларына арнап жазылады.

Марҳум талантлы сыншы-әдебиятшылардың бири Қәлимбет Султанов 70-жыллардан берли әдебий өмирдеги жанкүйер сыншылардың бири. Оның 90-жыллары да И.Юсупов, Б.Қайыпназаров, К.Рахманов, Т.Сәрсенбаев сыяқлы белгили шайырлардың дөретпелери туўралы рецензиялары жәрияланады. Қ.Султанов шайыр И.Юсуповтың "Беглигиңди бузба сен" топламына жазған рецензиясында, ондағы қосықлардың идеялық-тематикалық өзгешеликлерине тоқтай келип мынадай қатарларды келтиреди:

Жылан жалағандай дүканлар кепти,
Ийген желинлерди суў алып кетти.
Жумыс қалды, айтыс базары қызды,
Биреў жойбарласа, биреўлер сызды…

Ҳақыйқатында да-бул жаңа дәўирдиң поэзиясы еди, бул жәриялылықтың соңы басқа бир муқамларға дөнип, "дәўирдиң, заманның гәрдиши" басқа таманларға қарай дөнип баратырған ўақыттың көриниси екенин түсинемиз. Сыншы-әдебиятшы шайырдың жаңа топламына пикир айтарда ең алды менен усыған итибар берген. Сондай-ақ рецензияда шайырдың "Алыс Малайзия кешелеринде…" атлы қосықлар дүркинине де айрықша тоқтап, сол жердеги "қызғанысып ийттей ырылдаспастан" жасап атырған тәртип-интизам менен бизиң минез-қулқымыз арасындағы парққа сер салады.

Марҳум талантлы сыншы-әдебиятшылардың бири Қәлимбет Султанов 70-жыллардан берли әдебий өмирдеги жанкүйер сыншылардың бири. Оның 90-жыллары да И.Юсупов, Б.Қайыпназаров, К.Рахманов, Т.Сәрсенбаев сыяқлы белгили шайырлардың дөретпелери туўралы рецензиялары жәрияланады. Қ.Султанов шайыр И.Юсуповтың "Беглигиңди бузба сен" топламына жазған рецензиясында, ондағы қосықлардың идеялық-тематикалық өзгешеликлерине тоқтай келип мынадай қатарларды келтиреди:

Жылан жалағандай дүканлар кепти,
Ийген желинлерди суў алып кетти.
Жумыс қалды, айтыс базары қызды,
Биреў жойбарласа, биреўлер сызды…

Ҳақыйқатында да-бул жаңа дәўирдиң поэзиясы еди, бул жәриялылықтың соңы басқа бир муқамларға дөнип, "дәўирдиң, заманның гәрдиши" басқа таманларға қарай дөнип баратырған ўақыттың көриниси екенин түсинемиз. Сыншы-әдебиятшы шайырдың жаңа топламына пикир айтарда ең алды менен усыған итибар берген. Сондай-ақ рецензияда шайырдың "Алыс Малайзия кешелеринде…" атлы қосықлар дүркинине де айрықша тоқтап, сол жердеги "қызғанысып ийттей ырылдаспастан" жасап атырған тәртип-интизам менен бизиң минез-қулқымыз арасындағы парққа сер салады.

Лекин, талантлы сыншының барлық мийнетлери менен рецензияларының сапасы бирдей емес. Атап айтқанда оның Б.Қайыпназаров поэзиясына арнап жазған бир мақаласындағы пикирлер орынлы болып, онда шайыр дөретпелериндеги "гүл"диң улыўмаласқан поэтик образы дурыс сөз етилген.[1] Бирақ ондағы пролог ямаса кирис бөлиминиң орынсыз созылып кетиўин айтпағанда да, шайыр поэзиясынан бирде-бир қатар келтирилмегени айтылған пикирлерге зыян берип, улыўма әдебий сын мийнеттиң композицясында әбигерлендирип тур.

Ал әдебиятшы Ю.Пахратдиновтың шайыр К.Рахмановтың топламына арналған рецензиясында онда жаслық дәўирдиң жырланыўы жетерли мысаллар менен талланған.[2] Негизинен ондағы әдебий сын пикирлер Қ.Султановтың жоқарыдағы сөз еткен рецензиясындағы ойлар менен сәйкес келеди ҳәм Ю.Пахратдинов өзине қәлеген бир теманы топламнан бөлип алып таллаўы да - бул сындағы өзинше бир усыл болып көринеди ҳәм оның утымлы тәреплери де бар.

90-жылларда дөретилген қысқа рецензиялық әдебий сын үлгилери ретинде Ж.Избасқановтың сайланды дөретпелериниң еки томлығы ҳаққында Қ.Оразымбетовтың "Пикирлер ағымына сығасқан лирика" ("Еркин Қарақалпақстан", 5-октябрь, 2000 ж.), Х.Дәўлетназаровтың топламлары ҳаққында А.Муртазаевтың "Муҳаббатсыз дәрт дәрт емес" ("Қарақалпақстан жаслары", 5-сентябрь, 1996 ж.), Н.Әметовтың "Ығбал" топламы ҳаққында К.Қурамбаев, К.Алламбергеновлардың бирликте жазған "Сыйлыққа мүнәсип китап" ("Еркин Қарақалпақстан", 5-октябрь, 2000 ж.), усы топлам жөнинде Ж.Есеновтың "Ўатаншыл, көкиреги намалы талант" ("Устаз", 23-март, 2000ж.), О.Сәтбаевтың "Жарылыс" атлы китабы ҳаққында Ж.Есеновтың "Жарылыстан туўылған қосықлар" ("Қарақалпақстан жаслары", 24-апрель, 1993 ж.), З.Бекбергенованың талантлы үш шайыр Ж.Өтениязов, О.Сәтбаев, Ҳ.Өтемуратовалардың туңғыш топламлары ҳаққында "Бир буўаттан үш гүл" ("Қарақалпақстан жаслары") ҳ.т.б. атап өтиў ҳәм олардың айырым моментлерин де белгилеў мақсетке муўапық. Олардан талантлы жас сыншылардың бири Қ.Оразымбетов лирик шайыр Ж.Избасқановтың тәбият лирикасының сырларын, онда кишкене бир детальлар арқалы психологиялық параллелизм усылында дөретилген пикир ҳәм образларды ("Бул жақта көлдиң, шөлдиң, шырайлы ҳәммеси де, ҳәттеки туўған жердиң унайды ҳәрреси де"), белгили әдебиятшы А.Муртазаев болса талантлы қәлем ийеси Х.Дәўлетназаровтың муҳаббат лирикасын дәстүрий классикалық үлгилер менен де салыстырып, олардағы дәўир дүмпиўинен туўылған ойларды, терең лиризмди ("Ийесиз журт" поэмасы ҳ.т.б.), халықлықтың өзгеше усыллар менен де сәўлеленгенин ашады.

К.Қурамбаев ҳәм К.Алламбергеновлар шайырдың бири Н.Әметов дөретпелериндеги туўылған жер темасы шайырдың философиялық, гуманистлик пикирлерине дыққат аўдарады.

Ж.Есенов шайыр О.Сәтбаевтың "Жарылыс" топламын (1993) да сәтли таллап, оның поэзиясындағы образлылықты, терең ойлылықты, картиналық көринислердиң де байлығын орынлы көрсеткен.

90-жыллардағы айырым рецензиялық мақалалар "проблемалық рецензия" дәрежесине көтериле алыўы менен де сыпатланады. Усы көзқарастан талантлы әдебиятшы Қ.Байниязовтың "Алланы умытпайық",[3] жас сыншылардан З.Бекбергенованың "Халық шайырының баҳалы мийрасы"[4] мақалапларын айрықша мойынлаў керек. Оларда Қ.Байниязов шайыр Ә.Өтепбергеновтың "Алланды умытпа" дәстанының өзгешеликлери менен шайырдың лиро-эпикалық жанрға қосқан жаңалықларын, кең түрде таллайды.

90-жыллардағы әдебий сынымыздың сыпатлы өзгешеликлери ҳаққында сөз еткенде оның рецензиялық формасының талантлы жас шайырларымызды көпшиликке танытыўға айрықша хызмет етип атырғанын, яғный олардың публицистикалық, үгит-нәсиятлық

[1] Султанов Қ. Кеўил ҳәм жүректиң поэзиясы. "Еркин Қарақалпақстан", 9-февраль, 1999.
[2] Пахратдинов Ю. Жасларға жүреги жақын инсан. "Қарақалпақстан жаслары", 21-март, 1996.
[3] Байниязов Қ. Алланы умытпайық. "Әмиўдәрья", 1997, №12, 104-108 бб.
[4] Бекбергенова З. Халық шайырының баҳалы мийрасы. "Қарақалпақстан жаслары", 1-август, 1996.

(пропагандалық) қәсийетин де айрықша белгилеп өтиў керек. Егер биз усы жыллардағы баспа сөз бетлерине қарасақ Б.Қәлимбетов өз рецензияларында Ш.Аяпов,[5] М.Бердиев, О.Сәбаев, Ж.Өтениязов, Р.Аяпбергенов[6] сыяқлы жас шайырлардың сыншы әдебиятшы П.Нуржанов өз кәсиплеси, сыншы Қ.Оразымбетовтың,[7] З.Бекбергеова жас шайыр ҳәм прозаиклерден Ж.Өтениязов, О.Сәтбаев, Ҳ.Өтемуратованың[8] профессор Ж.Қайырбаев Турсынбай Әбдижаббаровтың[9] туңғыш табысларын қутлықлап, оларды көпшиликке хабарлаўға асығады, өзлери сезген кемшиликлер ҳаққында да сөз етеди. Ҳақыйқатында да булардың көпшилигиниң атлары ҳәммеге бираз ўақытлардан-ақ таныс болып, тап ҳәзирги пайытлары олардың қәлемлери бираз ысылып қалған деўге де болады. Сонлықтан сыншыларымыздың, талант ушқынларын көре алыўы, әдебий эстетикалық ойдың алдын болжай алыўшылық қәсийети ушын ең жақсы нәрселердиң бири екени мақуллайтуғын қубылыс.

XX әсирдиң 90-жылларындағы қарақалпақ әдебий сынында дөретилген "творчестволық портрет" лердиң жағдайына, теориялық ҳәм әмелий нәзер менен де қарар болсақ, онда усы тараўдағы бираз изленислер ҳәм айырым кемшиликлер де белгили болады. Әлбетте, әдебий сынның, улыўма көркем әдебияттың да қәлеген тараўында ҳәмме ўақытлары бирден табысқа ерисиў кете бериў, сол жанрдың талапларында бирден меңгерип, көпшилик дейдинен шыға билиўде қыйын.

белгили сыншы марҳум Қ.Султанов бир қысқа портретинде[10] К.Рахманов поэзиясын шағын ҳәм өтмили етип сөз етеди, ал сыншы Қ.Оразымбетов[11] портретлик-рецензия сыпатына ийе дөретпесинде жас шайыр М.Бердиевтиң қосықларын жүдә берилип таллап, ондағы "сығасқан ой ағымларын, терең пикирлеўлерди, шайырдың ойлаў шеңбериниң әдеўир кеңлигин", символико-метафоралық, астарлық қәсийетлерди, қосық қурылысындағы жаңалықларды да дурыс таллайды. Ол жас шайырдың "Соңғы оқ" атлы поэмасына да орынлы пикирлер ҳәм ескертиўлер айтады.

Поэзиядағы бундай қәсийетлерди, қосық қурылысындағы жаңалықларды көре алыўшылық әдебиятшы-сыншылар Қ.Оразымбетов, Ҳ.Өтемуратова, П.Нуржанов, Б.Генжемуратов, З.Бекбергеновалардың портретлик мақалаларына да тән. П.Нуржанов өз портрет мақалаларының бирин "изертлеўин күтип турған дөретиўшилик ийеси"[12] деп атайды ҳәм онда балалар шайыры Х.Сапаровтың дөретиўшилик тулғасы жаратылады. Жас әдебиятшылар тәрепинен дөреген бундай портретлик сын мийнетлер қысқа көлемли болса да қуўатлаўға туўра келеди. П.Нуржановтың "Шайырдың ишки еркинлиги ҳаққында ойлар"[13] деген мақаласындағы М.Жуманазарованың поэзиясы ҳаққында пикирлери де қызығарлы ҳәм тәсирли шыққан.

Әдебий сын портрет дөретиўдеги ең жақсы сыпатларды академик Ж.Базарбаевтың шайыр И.Юсупов ҳаққында,[14] белгили әдебиятшы алым, марҳум К.Мәмбетовтың халық шайыры Т.Жумамуратов[15] туўралы портретлик мийнетлеринен көриўге болады.

К.Мәмбетовтың шайыр Т.Жумамуратов ҳаққында дөреткен портретлик мақаласында әдебиятшы-сыншы шайырдың өмирине байланыслы көплеген фактлерди келтиреди де, негизги мәселени оның сатириклик шайырлық психологиясын ашыўға, оның халық тили, аўызеки халық поэзиясының бай үлгилерин өзлестириўине шебер уйқас, орынлы гипербола ҳәм жарасымлы өтирик өсек, қәсийетлерин ашыўға қаратады.

Атап айтқанда профессиональ сыншы Ж.Нарымбетовтың атақлы шайыр И.Юсуповқа арналған творчестволық портрет түриндеги дөретпеси де[16] тап усындай арнаў қосығы

---

[5] Қәлимбетов Б. Шайырлық лапыз. "Әмиўдәрья", 1990, №8, 94-96 бб.
[6] Қәлимбетов Б. Ой толғаўына салғанда… "Әмиўдәрья", 1991, №5, 89-94 бб.
[7] Нуржанов П. Шайыр сезиминиң шәшмесин изертлеп… "Еркин Қарақалпақстан", 14-август, 1993.
[8] Бекбергенова З. Бир буўаттан үш гүл. "Қарақалпақстан жаслары",===
[9] Қайырбаев Ж. Турсынбайдың туңғыш топламы. "Қарақалпақстан жаслары", 16-июль, 1998.
[10] Султанов Қ. К.Рахмановтың поэзиясы. "Қарақалпақстан жаслары", 1997, 10-июль.
[11] Оразымбетов Қ. Поэзияның сырлы дүньясы. "Еркин Қарақалпастан", 1993, 27-февраль.
[12] Нуржанов П. Изертлеўин күтип турған дөретиўшилик ийеси. "Еркин Қарақалпақстан", 2000, 24-октябрь.
[13] Нуржанов П. Шайырдың ишки еркинлиги ҳаққында ойлар. "Қарақалпақстан жаслары", 1998, 5-март.
[14] Базарбаев Ж. Сөзи муҳаббатқа, муҳаббаты қосыққа айланған шайыр. "Еркин Қарақалпақстан", 1999, 29-апрель.
[15] Мәмбетов К. Сөз зергери Тилеўберген… "Еркин Қарақалпақстан", 1995, 28-декабрь.

менен жуўмақланған. Бирақ, тилекке қарсы бул сыншының улыўма дөретиўшилиги мойынланса да[17], тап усы портретлик дөретпени К.Мәмбетовтың мақаласы менен қатар қойыў қыйын. Себеби, онда бурыннан белгили үлкен талант ийеси туўралы жаңа пикир жоқ, ҳәттеки әжайып сөз зергери И.Юсуповтай уллы инсанның соңғы дәўирлери дөреген, бирақ еле пикир айтылмаған қосықлары талланбаған.

Керисинше бунда бизге белгили, ақ соқпақ болып үлгерген бағдарламадағы ҳәм сабақлық және хрестоматиялардағы пикирлер ҳәм таллаўлар қайталап берилген. Ең баслысы бул әдебий сын портрет дөретпесинде ғәрезсизлик идеологиясының, ҳәттеки жәмийетти қайта қурыўдың да руўхы көринбейди. Ал, бул мақала-портретте: "Өзиниң ең жақсы дөретпелеринде И.Юсупов "пешанасын бахыт қуяшы сүйген, ығбал кесасы океандай липилдеп толып турған дәўлетли елдиң әжайып ҳәм тәсирли образын жасайды…"-деген сыяқлы тек бизиң өмиримизди көтермелеп, мақтап көрсетиўши сөзлер менен шекленеди. Сыншының өз мақаласының атын "Саҳра гүли" деп қойыўы да жоқарыдағы пикирлерине логикалық жақтан пүткиллей қарсы. Себеби сондай мақтаўлы, "…ығбал кесасы океандай липилдеп турған дәўлетли ел "қалайынша "Саҳра" болады?! Сондай-ақ усы тема ямаса "ат-айдар" И.Сағыйтовтың атақлы Бердақ шайыр ҳаққында жазған "Саҳра бүлбили" атлы монографиясын да еслетип, соған еликлеўдей болып көринип тур. …Бул ат ҳәм тема Бердақ және ол өмир сүрген заман ушын қонымлы ҳәм жарасымлы. Танылған сыншы әдебиятшы әдебий сын майданындағы шеберлик, жаңашыллық ушын гүресе отырып мәселениң усы тәреплерин де ескермегени ашындырады. Солай етип, бир тутас әдебий сын портретлик дөретпениң усындай кемшиликлери оның соңындағы сыншы-әдебиятшының поэзиялық қатарлары менен логикалық жақтан байланыспайды. Ал қосық жеке, дара ҳалында жаман емес…

Поэзияның мийнеткеш ҳәм жан күйер сыншыларының бири Т.Мәмбетниязов та 90-жыллары И.Юсупов, Т.Қабулов, Н.Төрешова, Т.Сәрсенбаевлардың дөретиўшилик тулғаларын ашып беретуғын әдебий сын портретлер жәриялады. Бул әдебий сын дөретпелер де ең жақсы унамлы тәреплери: темаларының әҳмийетлилигинен баслап сол объектлерге пафослы қатнасы, талантлы дөретиўшилерди дурыс таный алыўы, айырымларының кең көлемлилиги менен дыққатқа ылайық.

Талантлы ҳәм актив сыншылардың бири П.Нуржановтың Ж.Избасқановқа арналған мақаласында дурыс пикирлер айтылған. "Кеўил теңизиниң меруўертлери" деген қосықлар дүркининиң өзгешелиги ондағы медиативлик ойдың баслы орынды ийелеўи…Шайырдың…қосықларының ҳәр биринде салмақлы ой-сезимлердиң бир-бирине өтлесип, қарысып кетиўинен пайда болған ағла туйғылар тән. Оларды оқыўшыға жеткериўдиң өзинше жолы бар. Бунда реалистлик, романтикалық, мифологиялық сыпатлар бир-бири менен биригип кетип, шайыр идеясын жарыққа шығарыўға хызмет етеди.[18]

Егер биз усы пикирлерди Ж.Избасқановтың "Сайланды шығармалары" (бир томлық, Нөкис, "Қарақалпақстан", 2000.) менен салыстырып қарасақ, олар шынлыққа сай, орынлы айтылған.

Ал Т.Мәмбетниязовтың талантлы шайырлар Т.Сәрсенбаев,[19] Н.Төрешовалар[20] дөретиўшилигине арналған әдебий сыншылық портрет-мақалаларында усы қәлем ийелериниң әдебий дөретиўшилик тулғалары жетерли дәрежедеги поэзиялық текст мысаллары менен ашылған.

Т.Мәмбетниязов "Қосықлары кеўиллерди тербейди" творчестволық портретинде шайыр Н.Төрешованың поэзиясы ҳаққында кең түрде сөз етеди. Автор, бул портретте шайыр творчествосының раўажланыў эволюциясын дурыс көрсетип бере алған.

---

[16] Нарымбетов Ж. Саҳра бүлбили. "Еркин Қарақалпақстан", 1999, 1-июль.
[17] Есенов Ж. Танылған әдебиятшы-сыншы. "Қарақалпақстан жаслары", 1997, 17-апрель, ҳ.т.б.
[18] Нуржанов П. "Лирика-мениң өмирим, пүтин барлығым". "Устаз", 2000, 12-октябрь.
[19] Мәмбетниязов Т. Шайыр шабыўылға шықса…"Әмиўдәрья", 1990, №7, 104-109 бб.
[20] Мәмбетниязов Т. Қосықлары кеўилерди тербейди. "Әмиўдәрья", 1998, №5, 83-91 бб.

Оның Ж.Дилмуратовтың 70 жыллығына байланыслы жазылған творчестволық портрет мақаласында[21] усындай ең жақсы қәсийетлер бар. Автор портретлик мақалада сыншы шайыр творчествосын шағын түрде жүдә дурыс ҳәм тәсирли, ой саларлықтай етип сыпатлап бере алған. Портрет мақаланың аты да затына сай қойылған. Негизинде усындай алыстан өзине шақырып туратуғын ат-темалардың өзи сол дөретпелердиң ҳәр тәреплеме шеберлик сырларының бири. Қ.Султанов та мақаланың атамасын таллап отырған шайырдың поэтикалық қатарларының биринен алған.

Биз жоқарыда Ж.Базарбаев, К.Мәмбетовлардың творчестволық портрет түриндеги дөретпелериниң гейпара эсселик сыпатлары ҳаққында айтқан едик. Оған уқсас ҳәм басқашалаў өзгешеликлерди Ә.Пахратдиновтың халық шайыры Аббаз Дабылов ҳаққындағы эссе-портретинен де[22] көриўимизге болады. Мақала әдебиятшы-илимпаздың балалық жылларынан-ақ Аббаз шайырдың қыссаханлық өнериндеги шеберлигин эсселик усылда ядқа түсириўге арналған. Былайынша қарағанда ол журналистика менен публицистиканың үлгиси сыяқлы болып көринеди. Мысалы, атақлы шайыр И.Юсупов сыншы менен өз гүрриңинде "эссе" туўралы усындай пикир айтқан екен.[23] Бирақ бизиң ойымызша барлық эсселерди де булайынша бир сөз бенен баҳалаў қыйын. Бул пикиримизди Ә.Пахратдиновтың Аббаз шайыр ҳаққында "эссе-портрети" айқынластырғандай болады. Себеби онда халық шайырының қыссаханлық өнери конкрет сюжет детальлар, жанлы ҳәрекетлер, диалоглар ҳәм жеткиликли факт және әдебий текстлик материаллар менен тийкарлы түрде ашылған. "Эссе"ни ядқа түсириў ўақыялары негизине қурылса да, бунда Аббаздың қыссаханлық шеберлигин әдебий эстетикалық жақтан баҳалаў анық сезилип тур.

Сонлықтан усыған уқсас дөретпелерди әдебий сынның жанрлық көп түрлилигиниң бир көриниси "эссе-портрет" деп есапласа болады.

Жеке шайырлар ҳаққындағы дөретиўшилик портретлер базда олардың поэзия сынының белгили бир машқалаларының, айырым мәселелериниң әтирапына да қурылыўы мүмкин. Бундай мақалаларды "проблемалық портретлер" ямаса шәртли түрде "портрет-штрихлар" деп атайды. Мысалы, Аяпберген,[24] Аббаз шайырлар[25] ҳәм Т.Мәтмуратов[26] ҳаққындағы жәрияланған мақалалар усындай сыпатқа ийе. Олардан биринде талант ийесиниң философиялық көзқарасы, социологиялық мәселесиниң, екиншисинде шайыр тилиниң ширелилиги, шеберлиги, үшиншисинде шайыр дөретиўшилигиниң тематикалық бағдардағы өзгешелиги үйренилип, улыўма әдебий сын портрет дөретиўди және де түрлендиреди. Олардың мазмунын конкрет таллап отырмай-ақ, әлбетте, бул да әдебий сындағы унамлы қубылыс болып табылады. Себеби ол әдебий сынды белгили бир қатып қалған тар кесте, тар қәлиптен қутқарып, оның түрлениўине, конкретликке, аз да болса жаңалыққа қарай баслайды.

Гейпара әдебий сын портретлер гейде белгили бир үлкен-үлкен қоспалы, көплеген жанрларды өз ишине қамтыйтуғын талант ийелериниң тек ғана поэзияға, шайыршылыққа тийисли тәрепин алып сөз етиўи мүмкин. Мысалы, көпшилик оқыўшы қәўими Ш.Сейтовты үлкен ҳәм талантлы прозашы сыпатында таныйды. Оның поэзиясындағы жаңашыллық ҳәм идеялық батыллық, тематикалық көптүрлилик, формалық изленислерди әпиўайы оқыўшылар ғана емес, ал соңғы жас әўладлар биле бермеўине көп себеплер бар. Ж.Есеновтың мақаласы усы мақсетлерди ҳәм оларды ашып бериўге түртки салғаны менен унамлы.

XX әсирдеги қарақалпақ поэзиясында өзине ылайық салмақлы орны бар шайыр М.Сейтниязовты шынында да "Шынлықты шыңлаған шайыр"[27] ямаса "Ойшыл ҳәм

---

[21] Султанов Қ. "Айдын көлде уштың ғаз болып…" "Әмиўдрья", 1998, №
[22] Пахратдинов Ә. Аббадың алтын ғәзийнеси. "Әмиўдәрья", 1991, №2, 103-111 бб.
[23] Шайыр менен сәўбет. "Қарақалпақстан жаслары", 2002, 24-ноябрь.
[24] Байниязов Қ. Аяпберген шайыр атеист болған ба? "Әмиўдәрья", 1990, №7, 102-103 бб.
[25] Есенов Ж. Тилинен пал таман шайыр. "Еркин Қарақалпақстан", 1998, 25-август.
[26] Ешниязова Э. Төлепберген Мәтмуратовтың Ана-Ўатан темасын ашыўдағы шайырлық өзгешелиги. "Әмиўдәрья", 1995, №7-9, 111-112 бб.
[27] Пиржанов С. Шынлықты шыңлаған шайыр. "Совет Қарақалпақстаны", 1991, 14-февраль.

ҳақыйқатшыл шайыр"[28] деп атаў усы дара тулғаның дүньятаныўшылығы менен оның творчестволық психологиясына, поэтикалық стилине, жеке әдеп-икрамлық минез-қулық белгилерине де жүдә туўры келеди.

90-жыллардағы қарақалпақ әдебий сынында социал әдеп-икрамлық ҳәм әдебий творчестволық мәселелердиң де ортаға қойылыўы бизиң миллий әдебий эстетикалық ойымыз бенен улыўма халқымыздың көркемлик ҳәм илимий теориялық дүнья таныўшылық дәрежесин мазмун ҳәм формалар жағынан, поэтикалық стильлер көзқарасынан және де бийиклерге қарай көтерип киятыр. Лекин гейде жаңалығы жоқ, көпшиликтиң сезимлерин селт еткизе де алмайтуғын портрет типиндеги жүдә қысқа мақалалар ямаса усыған уқсас нәрселерди жийи ушыратамыз. Анығырағы жас илимпазлар Д.Пахратдиновтың "И.Юсупов-әсиримиздиң классик шайыры" ("Әмиўдәрья", 1999, №4, 58-59 бб.), Ы.Пирназаровтың "Әбдиқәдир шайырдың дөретиўшилиги туўралы жаңа көзқараслар" ("Әмиўдәрья", 2000, №2, 99-100 бб.) атлы мақалаларында усындай кемшиликлер үстем.

Бәлким, бундай тек ғана факталогиялық академиялық басылым-журналлар ушын мәлим дәрежеде керек шығар. Деген менен белгили, атақлы шайырлар туўралы бурыннан мәлим фактлерди қайталаўдың не зәрүрлиги бар?! Тилекке қарсы бундай кемшиликлер, жаңалықтың ямаса әдебий сыншылық, әдебий илимий таллаўдың жетиспеўшилиги тәжирийбели сыншы Т.Мәбетниязовтың "Халықтың сөйлер тилине айланған шайыр" ("Еркин Қарақалпақстан", 16-июль, 1998) деген мақаласына да тән. Онда А.Дабыловтың 100 жыллық юбилейине арналып ғана жазылған мапазбазлық анық сезилип тур. Портретлик мақалада бурын бизге мектеп сабақлықлары арқалы да мәлим фактлердиң ғана қайталаныўы көпшиликти қанаатландырмайды.

Жоқарыдағы көпшилик әдебий сын портретлик дөретпелер шайырларымыздың белгили сәнелик мерекелерине, сондай-ақ базыларының белгили бир сыйлықларға усынылыўына байланыслы жазылған. Сол себепли олардың барлығы да, дерлик, объектив ямаса инициативалы сын емес, ал бастан ақырына мақтаў характерине қурылады. Бул әдебий сынның бир тәреплемелилигине алып келмекте.

Әлбетте көркем әдебий процесси ҳәрекетке келтириўши баслы күш-бул жеке дөретиўшилик ийелери, жеке жазыўшы-шайырлар, драматурглер ҳәм әдебиятшы-сыншылар болып есапланады. Әдебият, әдебий дәўирлер мудамы бир қанша жеке дөретиўши күшлердиң жедел ҳәрекети арқалы жүзеге шығып алға талпынады, раўажланыў шыңларына қарай қанат қомлайды.

Ҳақыйқатында XX әсирдеги қарақалпақ әдебиятында поэзия менен қатар, проза ҳәм драматургия тараўлары да раўажланыўын даўам етти. 90-жыллардағы әдебий сында, олардың да дөретиўши ўәкиллери қәлемге илиниўи орынлы нәрсе. Солардан көрсетилген ўақыт ишинде прозашылардан Ш.Айтматов, Т.Қайыпбергенов, Ж.Сапаров, К.Мәмбетов, А.Әлиев, Г.Есемуратова, Ө.Хожаниязов, драматург-жазыўшылардан Ж.Аймурзаев, С.Хожаниязов, Т.Алланазаров, әдебиятшы-сыншылардан Н.Дәўқараев, М.Нурмуҳаммедов, С.Ахметов, творчествосы бир неше жанрларды да өз ишине қамтыған С.Мәжийтов, К.Мәмбетов, С.Баҳадырова сыяқлы үлкен-үлкен көркем сөз ҳәм илим ийелери әдебий сында өз алдына творчестволық портрет сыпатында сөз етилген, белгили дәрежеде олардың творчестволық кебети көрсетип берилген.

XX әсирдеги дүнья классикасына салмақлы үлес қосқан қырғыз жазыўшысы Ш.Айтматов ҳаққында, атақлы жазыўшының өзиншеликлери ямаса оның бизге берген сабақлары туўралы профессорлар Қ.Камалов[29], Қ.Султанов[30], жазыўшы-журналист ҳәм илимпаз С.Садықовлар[31] мақалаларында айтылады. Бул сыншы-әдебиятшы ҳәм алымлардың устаз прозашы, үлкен философ-психолог сөз шебериниң өзгешеликлери

---

[28] Есенов Ж. Ойшыл ҳәм ҳақыйқатшыл шайыр. "Еркин Қарақалпақстан", 1995, 21-январь.
[29] Камалов Қ. Ш.Айтматов дөретиўшилигинде адам тәғдири. "Әмиўдәрья", 2000, №5, 84-85 бб.
[30] Султанов Қ. Шеберликтиң жалыны. "Әмиўдәрья", 1998, №6, 105-107 бб.
[31] Садықов С. Жаслық ҳәмм муҳаббат жыршысы. "Қарақалпақстан жаслары", 1998, 24-декабрь.

ҳаққында дөреткен мийнетлериниң ҳәр қыйлылығы, мүмкиншилигинше бир-бирине уқсамаўы қызықлы ҳәм баҳалы.

Белгили әдебиятшы-сыншы Қ.Камалов үлкен устаз жазыўшы Ш.Айтматов туўралы пикирлерине айрықша әдебий теориялық ҳәм илимий социологиялық, филологиялық салмақ жүклеп жазған. Проблемалық портрет мақалада әдебиятшы-сыншы, көркем сөз шебери дөреткен образлардағы терең философиялық, айрықша гуманистлик қәсийетлерге әҳмийет бериўи әдебий сында үлгили қәсийет. Автор ҳәр бир жеке-жеке дөретпелер туўралы қысқа-қысқа, тужырымлы ойларын жуўмақластырыўлар арқалы адам, инсан тәғдирин сәўлелендириў мәселесинде үлкен жазыўшының жарқын келбетин бизиң көз алдымызға айқын сәўлелендире алған.

Ш.Айтматов ҳаққында жақсы пикирлер айткан әдебиятшы сыншылардың бири Қәлимбет Султанов болды. Ол өз мақаласында қысқа болса да тужырымлы, жыйнақластырылған ойлары арқалы уллы көркем сөз зергериниң улыўма бир тутас творчестволық келбетин көз алдымызға келтире аламыз. Мысалы: "Әдебий қаҳарман ҳаққында бурынғы қатып қалған режелерди дурыс жолға салған М.Әўезов, М.Айбек, Т.Қайыпбергенов, әсиресе, Ш.Айтматов болып есапланады"[32].

Илимпаз ҳәм жазыўшы С.Садықов өз мақаласында негизинен Ш.Айтматовтың "Жәмийла" повестиниң әтирапында пикир жүритеди. Соның менен бирге ол жазыўшының улыўма тутас келбети туўралы факт ҳәм пикирлерин де келтиргенликтен бул мақала рецензиялық шеңберден шығып, әдебий сыншылық портретлик дөретпе сыпатына ийе болған.

90-жыллардағы газета-журнал бетлеринде жәрияланған әдебий сыншылық портрет дөретпелер ишинде Қ.Камаловтың үлкен жазыўшы-прозашы Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилик тулгасына арналған мийнети[33] дыққатқа ылайық. Ол қысқаша болыўына қарамастан XX әсир прозамыздағы "Кәрўан басы"ның[34] дара келбетин қарақалпақ прозасының раўажланыў жолы менен ғана емес, ал Орта Азия әдебиятлары менен, өмир, жәмийетлик дәўирлердиң өз-ара алмасыў процесслери менен де тығыз байланыстырып ҳәм салыстырып аша билиўи менен баҳалы. Әдебиятшы сыншының излениўшилиги, теориялық саўатлылығы, тәжирийбелилиги жазыўшының дөретиўшилик эволюциясы, жеке дөретпелери ҳаққында айтқан пикирлеринде айқын көринеди.

90-жыллардағы дөретилген көплеген портретлик дөретпелер Г.Есемуратованың творчествосына тийисли. Жазыўшы Ғ.Сейтназаров[35], профессор Ж.Қайырбаев[36] белгили әдебиятшы-жазыўшы С.Баҳадырова[37] ҳәм солардың изине ерген соңғы буўын әдебиятшы-сыншылар М.Бекбергенова[38], Зыяда Бекбергенова[39], С.Бәўетдиновалар[40] ҳаял-қыз жазыўшылардың бири Гүлайша Есемуратова туўралы жақсы пикирлер жәрияланған. Олардан жазыўшы Ғ.Сейтназаров өз қәлемлесиниң өзгешеликлерин көрсетиўши ўақыя-детальлардан утымлы пайдаланады, фактлик мысалларды да орынлы келтиреди.

. Сондай-ақ бул әдебият жанкүйерлериниң дурыс айтқанындай Г.Есемуратова "…қаҳарманларының ишки сезимлерин тәбият көринислери менен шебер байланыстырады ҳәм адамларыдың кескин келбетин жасаўда өзине тән айрықшалықлары менен көзге тасланады"[41]. Бул М.Бекбергенованың "Жазыўшының …повестьлери терең социаллық мәниге ийе күшли шығармалар"[42],-деген пикирлери менен ушласады. М.Бекбергенованың жазыўшы тулғасына арналған мақаласында оның пүткил творчествосын басқа да халықлар әдебияты ҳәм миллий әдебиятымыздың усыған уқсас қубылыслары менен салыстырып

---

[32] Султанов Қ. Шеберликтиң жалыны. "Әмиўдәрья", 1998, №6, 105-107 бб.
[33] Камалов Қ. Жазыўшы дөретиўшилигиниң өзгешелиги ҳаққында. "Еркин Қарақалпақстан", 1998, 19-октябрь.
[34] Камалов Қ. Кәрўан басы. Нөкис, "Қарақалпақстан", 1983.
[35] Сейтназаров Ғ. Қарызларыңды өтеп үлгер, Гүлайша! "Әмиўдәрья", 1990, №7, 110-111 бб.
[36] Қайырбаев Ж., Есболғанов Ж. Г.Есемуратованы повестлерин оқығанда… "Қарақалпастан жаслары", 1997, 30-январь.
[37] Баҳадырова С. Жазыўшы Г.Есемуратова 60 жаста. "Жас Ленинши", 1990, 10-апрель.
[38] Бекбергенова М. Турмыс шынлығын сүўрелеген көркем сөз шебери. "Әмиўдәрья", 2000, №3, 46-47 бб.
[39] Бекбергенова З. Жаслықтан жетилген талант. "Қарақалпақстан жаслары", 2000, 23-март.
[40] Бәўетдинова З. Жазыўшы шығармаларында дәўир шынлығы. "Еркин Қарақалпақстан", 2000, 22-июнь.
[41] "Қарақалпақстан жаслары", 1997, 30-январь.
[42] Бекбергенова М. Турмыс шынлығын сүўрелеген көркем сөз шебери. "Әмиўдәрья", 2000, №3, 46-бет.

баҳа бериў арқалы олардың олардың өзиншеликлерин көрсете билиўи әдебиятшы-сыншының методикалық шеберликке умтылыўын көрсетип тур.

К.Мәмбетов өз қәлемлеси Абат Әлиев дөретиўшилигин бир тутас баҳалай келип, оның повестьлериниң артықмашлықларын, әдебиятшы досты Қ.Камаловтың пикирлерин келтириў арқалы дәлийллейди.[43] А.Әлиев болса жазыўшы Х.Сапаров прозасының тарийхыйлығына ондағы фактлердиң байлығына айрықша итибар берген.[44]

Әдебиятшы-сыншы Қ.Султановтың талантлы прозашы Ө.Хожаниязов ҳаққында әдебий сын портретинде де оның журналист-жазыўшылық қәбилети бай мағлыўматлар ҳәм жақсы дәлийллер менен көрсетилген.

Әдебиятшы-сыншы Ж.Есеновтың қоспалы талант ийеси К.Мәмбетовтың елиў ҳәм алпыс жыллық мерекелерине арналған портретлик мақалаларында[45] таланттың оның илимий искерлиги менен көркем творчествосы орынлы түрде қосып алып талланады. Ҳақыйқатында да К.Мәмбетовтың соңғы ўақытлары дөреткен "Ҳүждан", "Посқан ел", "Бозатаў", "Түркстан" атлы көлемли романлары менен повестьлериндеги табысларды, әсиресе оның ири тарийхый дөретпелериндеги тарийхый көркем ашылыўларды талант ийесиниң творчестволық психологиясына тән болған илимий пикирлеў менен көркемлик образлы ойдың синтезин түсинбей турып, улыўма усы илимпаз-жазыўшының дөретиўшилигин тутас, толық баҳалаў қыйын. Сол себепли де Ж.Есенов өзиниң дәслепки мақаласын екиншисинде және қайта ислеп жетилистирип, дәслепки портреттеги өмирбаянлық ҳәм басқа да қурғақ фактлерден бираз шетлеп, ири тулғалы илимпаз-жазыўшының творчестволық келбетин және де анығырақ ашады.

90-жыллардағы қарақалпақ әдебий сынының творчестволық (дөретиўшилик) портретлеринде прозашылар менен қатар алым-сыншылардың да тулғалары сәўлеленген. Булар С.Баҳадырова, Қ.Байниязов, Ж.Есенов ҳәм Ҳ.Өтемуратовалардың қәлемине тийисли. Оларда Н.Дәўқараев, М.Нурмуҳаммедов, С.Аҳметов, К.Худайбергенов, Ж.Нарымбетов сыяқлы марҳум сыншы-әдебиятшылардың келбети түрлише усылларда, ҳәр қыйлы аспектте ашып бериледи. Сонлықтан да бул әдебий сын портретлердиң базы биреўлериниң таза илимий сыпатлары басым, ал гейпаралары илим менен әдебий сынның кесиспесинде дөреген, айырымлары күшли публицистикалық руўхта жазылған, және биреўлери естелик-эссе түринде жәрияланған. Атап айтқанда Қ.Байниязов туңғыш академик туўралы бир неше портрет мақалалар жәриялады[46] ҳәм олар бир-бирине уқсамаўы ҳәм биринширси екиншисин тәкирарламаўы менен баҳалы. Сондай-ақ халқымыздың әдебият илиминиң туңғыш үлкен тарланы Н.Дәўқараевтың творчестволық келбетине арналған С.Баҳадырова[47], Қ.Байниязов[48], Ж.Есенов[49]лардың мақалалары ҳәр қыйлы ўақытлары бир газетаның бетлеринде жәрияланды. Бирақ олар бир-бирин тәкирарламайды ҳәм жазылыў стили жағынан да дараланып, өзгешеленип турады. Атап көрсеткенде олардан С.Баҳадырова көбирек илимий публицистикалық стильге сүйенсе, ал Қ.Байниязов өз жаңалықларын тарийхый таза архивлик ҳүжжетлерге тийкарлайды. Ж.Есенов илимпаз әдебиятшы айрықша илимий-теориялық бағытта сөз етип, оның илимий системасындағы изертлеў усылын терең ашып көрсетиўге айрықша кеўил бөледи. Қ.Байниязов өзиниң академик М.Нурмуҳаммедов туўралы балалар газетасындағы жәрияланған мақаласында жас өспиримлердиң түсиник дүньясын, хабарларды ҳәм ой-пикирлерди қабыллаў өзгешеликлерин есапқа алып алымның өмир жолына байланыслы қызықлы фактлерди келтиреди. Сондай-ақ оның "Таң қаларлық талант" дөретпеси де фактлерге байлығы менен дыққатты өзине қаратады.

---

[43] Мәмбетов К. Мийнеткеш жазыўшы. "Әмиўдәрья", 1990, №11, 118-122 бб.
[44] Әлиев А. Узақ бахытлы өмир. "Еркин Қарақалпақстан", 1999, 29-июль.
[45] Есенов Ж. Әдебиятымыздың мийнеткеши. "Еркин Қарақалпақстан", 1990, 15-май. Ири тулғалы илимпаз-жазыўшы. "Еркин Қарақалпақстан", 2000, 29-апрель.
[46]Байниязов Қ. Академиктиң өмир жолы. "Жеткиншек", 1989, 22-апрель; Академиктиң ураны. "Совет Қарақалпақстаны", 1990, 6-январь; Таң қаларлық талант. "Әмиўдәрья", 2000, №2, 43-45 бб.
[47] Баҳадырова С. Әдебияттаныў илиминиң атасы. "Еркин Қарақалпақстан", 1995, 14-январь.
[48] Байниязов Қ. Мен Саркөлде туўылғанман. "Еркин Қарақалпақстан", 1995, 2-май.
[49] Есенов Ж. Илимпаздың изертлеў усылы ҳаққында. "Еркин Қарақалпақстан", 1995, 7-февраль.

Усындай қәсийетлерге бола алым сыншы тәрепинен Н.Дәўқараев, С.Мәжийтов, М.Нурмуҳаммедовлардың жарқын келбети шебер жаратылады.

Әдебиятшы-сыншы, белгили илимпазлардың бири С.Баҳадырова да атақлы алым-әдебиятшы Н.Дәўқараевтың илим майданындағы өшпес, саўлатлы тулғасын дәстүрий стильде анық, нақма-нақ түрде анық ашады.[50] Ал, сыншы-әдебиятшы Ж.Есенов өз излениўшиликлери нәтийжесинде әдебий сыншылық портрет дөретиўде ҳәр қыйлы усылларды қолланады. Ол академик М.Нурмуҳаммедовтың өзине де ҳәр қыйлы таманнан әдебий-сыншылық, илимий қатнас жасап, гәде әдебиятшы-алым келбетин илимий-публицистикалык, академиялық стильге жақын усылда ашып бергиси келсе,[51] ал және бир дөретпесинде алым тулғасын "естелик-эссе" түринде сөз етип, оның творчестволық, минез-қулық ҳәм улыўма инсаныйлық руўхый сыпатларын да сәўлелендире алған.

Сыншы Ж.Есенов илим ҳәм сын майданындағы өз устазлары С.Ахметов, Ж.Нарымбетов[52], К.Худайбергенов[53] ҳаққында әдебий-сыншылық портретлеринде де бир неше тәсирли усыл ҳәм жанрлық-стильлик көп түрлиликти көрсетеди. Автор бир портретлик мақаласын көбирек илимий-академиялық усылда жазса, ал сол сыншы, әдебиятшы илимпаз С.Ахметов ҳаққындағы мақаласын К.Мәмбетов пенен диалог[54] түринде қурылған. Ол өз устазы С.Ахметов туўралы бир неше "естелик-эсселер" де жәриялап, оның дөретиўшилик, илимий ҳәм сыншылық келбетине, улыўма инсаныйлық сыпатларына жоқары баҳа береди.

Жас сыншылардың, әдебият илиминдеги жаңа талқын ўәкиллериниң бири Ҳ.Өтемуратованың әдебияттың басқа да мәселелери ҳәм прозасындағы сыяқлы С.Баҳадырованың дөретиўшилигине арналған мийнетинде де сында жаңалыққа умтылыў, айрықша бир пафос анық сезиледи.[55] Онда алымның "Фольклор и каракалпакская проза" деген мийнети талланса да, ал мақалада оның улыўма творчествосына тийисли фактлер де орынлы келтириледи.

С.Садықовтың сыншы Ж.Нарымбетов ҳаққындағы портретлик мақаласындағы пикирлер еле жарлы болыў менен бирге, фактлер тек ғана қурғақ хабарлаўға қурылып, әдебиятшының бирде-бир мийнети қысқа болса да талланбаған. Ал, Ж.Есеновтың усы сыншы ҳаққында портретинде орынлы түрде оның салдамлы мийнети "Каракалпакский роман" (Ташкент, 1974) дурыс таллап[56] өтилип, басқа да мийнетлерине шолыў берилип, Ж.Нарымбетовтың илимпаз-сыншылық келбети жетерли ашылған.

Жас сыншы З.Бекбергенованың поэзия сыншысы Т.Мәмбетниязовтың дөретиўшилик тулғасына арналған сыншылық портрет мақаласында әдебиятшының хызметлерин көрсетиўши фактлерди қурғақ баянлаў, китапларына, топламларына берилген тәсирсиз аннотациялар басым.[57] Ол академиялық илимий көзқараслардан дурыс болса да, ол мақала әдебий сын дәрежесине көтериле алмаған. Ал, З.Бекбергенованың шайыр И.Юсуповтың әдебий сыншылық келбетине арналған мақаласы[58] бираз тәсирли шыққан, әдебиятымыз ушын жаңа әдебий илимий системаға қурылған. Ол тап усы бағытта Ж.Есеновтың де шайырдың әдебий сыншылық дөретиўшилигине арналған пикирлерин[59] қайталамай өз ойларын дурыс ортаға салған.

Соңғы дәўирде анаў яки мынаў сөз шебериниң әдебий сыншылық көзқарасларын да таллап баҳа бериў арқалы олардың дөретиўшилик тулғаларын және де толығырақ ашыў дәстүрге айланды. Усындай әдебий эстетикалық-сыншылық бағдарда сынның

---

[50] Баҳадырова С. Әдебияттаныў илиминиң атасы…

[51] Есенов Ж. Академик-критик. "Жас Ленинши", 1990, январь; Академик-сыншы. "Еркин Қарақалпақстан", 1995, 7-январь; Туңғыш академикти еслеп…"Еркин Қарақалпақстан", 1999, 25-сентябрь; Тунгич академикни эслаб. "Аму тонги", 2000, 27-февраль.

[52] Есенов Ж. Танылған сыншы-әдебиятшы. "Қарақалпақстан жаслары", 1997, 17-апрель.

[53] Есенов Ж. Ол ҳақыйқат сыншы болды. "Қарақалпақстан жаслары", 2000, 10-август.

[54] Есенов Ж., Мәмбетов К. Зәбердес критик, белгили илимпаз. "Әмиўдәрья", 1988, №12; Есенов Ж., Мәмбетов К. Әдил ҳәм талапшаң сыншы. "Профессор С.Ахметов. "Билим", 1998."

[55] Өтемуратова Ҳ. Қарақалпақ илиминиң Тумарисы. "Жас Ленинши", 1991, 21-февраль.

[56] Есенов Ж. Танылған сыншы-әдебиятшы. "Қарақалпақстан жаслары", 1997, 17-апрель.

[57] Бекбергенова З. Белгили поэзия сыншысы. "Устаз", 2000, 9-ноябрь.

[58] Ибрайым Юсупов - әдебият сыншысы. "Әмиўдәрья", 1999, №5-6, 55-57 бб.

[59] Есенов Ж. Шайырдың әдебий эстетикалық талғамы. "Еркин Қарақалпақстан", 1999, 26-январь.

изертлеўшиси сыпатында да Ж.Есенов бир неше мийнетлер жәриялап[60], Абайдың[61], Айбектиң[62], Т.Қайыпбергеновтың[63], Ш.Айтматовтың[64], М.Әўезовтың[65], С.Муқановтың[66] әдебий илимий көзқарасларына қысқаша таллаўлар жасайды. Жеке "жазыўшы-сыншы"ларға арналған бул мийнетлерди белгили бир әдебий теориялық проблемаға арналған "мақалалар цикли" деп атаў мүмкин. Дүркинде (циклде) "жазыўшы-сыншы"лық ямаса "шайыр-сыншылық" дөретиўшилик өзгешеликлери ашып берилип, сол арқалы усы әжайып талантлы қәлем ийелериниң тулғалары жаратылып, олардың руўхый дүньясы ҳәм терең творчестволық психологиясын ашыўшы жәнe бир гилт табылғандай сезиледи. "Жазыўшы-сыншы"лық дөретиўшилик сыпат әмелий тәрептен бизиң әдебиятымыз ушын жаналық болмаса да, ал ол бизи миллий әдебият илими ҳәм әдебий сының өзи ушын жаңа типтеги көзқарас. Ол еле дурыс бағытқа түсип, жетерли системаластырылмаған.

Қарақалпақ миллий көркем прозасынын ҳәм дүнья әдебиятының үлкен ўәкиллериниң, сондай-ақ сыншы-әдебиятшылардың дөретиўшилик тулғаларына арналған мийнетлердиң де дерлик барлығы белгили бир себеп ҳәм юбилейлик мерекеге байланыслы жазылған. Сонлықтан да олардың басым көпшилигинде тәрепи жетискенликлер менен табыслар айтылып, оларда публицистикалық сыпатлар басым. Деген менен буларда шайырлар ҳаққындағы портретлерде әдебий сынның қырағылығы менен объективлиги көринеди. Жазыўшы Ғ.Сейтназаров өз қәлемлеси Г.Есемуратованың гейпара кемшиликлерин творчестволық мәсләҳәт ретинде көрсете билген. Сондай-ақ, Ж.Қайырбаев ҳәм Ж.Есболғановлар да усы бағытта қатнас жасап, жазыўшының гейпара повесть ҳәм гүрриңлериниң кемшиликлерин дурыс айтқан. Сыншы Қ.Султанов Ө.Хожаниязовтың повестьлеринде еркин ҳәм бийғәрез муҳаббат сезиминиң орынсыз түрде өндириске "байлап қойылғанын дурыс ескерткен. Ж.Есенов академик-сыншы .Нурмуҳаммедовтың проза туўралы монографияларында қарақалпақ прозасының дөретпелерин орынлы-орынсыз дизип қалдырмай таллай бериў, олардың узақ сюжелик мазмунын айта бериў сыяқлы бир тәреплемеликлерди сыпайы, мәдениятлы түрде айтады. Ал ол өз устазы С.Ахметовтың бир ўақытлары дәўир идеологиясының ақыбетинен де, бәлким, гейпара шайырларды (М.Сейтниязов, Т.Мәтмуратов) надурыс сынағанлығын естелик-эссе жанрының талапларына ылайық сюжетлик ўақыялар менен ашып көрсетип, сол кемшиликлерин сыншының өзи де мойынлап дүзеткенин айтады. Усы арқалы устаз сыншыдағы кең көкиреклик, мәртлик, салдамлы ақыл-парасатты, өз-өзине сын көзқарасты да белгилеп береди.

Улыўма алғанда 90-жыллардағы қарақалпақ әдебий сыны творчестволық портретлер дөретиў, бул тараўда да көп түрлилик, көп формалылыққа умтылыў арқалы сын мәдениятын, оның поэтикасын жетилистириў жолында ҳәрекет етти.

Қарақалпақ прозасы 90-жыллардағы қарақалпақ әдебий сынының бир қанша рецензиялық, әдебий шолыў, проблемалық (машқалалық) теориялық сыпатқа ийе мақалаларында айырым сораў-жуўап ҳәм анкеталарында, гейпара қарама-қарсы пикирге ийе әдебий сын мийнетлерде де ҳәр тәреплеме сөз етиледи. Әдебий сынның объектине, прозамыздың eң үлкен ўәкили Т.Қайыпбергеновтан баслап, Ш.Сейтов, К.Мәмбетов, Х.Сейтов, Ж.Сапаров, М.Сейтниязов, А.Садықов, А.Султанов, А.Әбдиев, Ж.Әбдиреймов, Ҳ.Өтемуратова ҳ.т.б. проза дөретиўшилердиң бир неше дөретпелери алынады. Олар сан ҳәм сапа жағынан ҳәр қыйлы.

Жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың "Қарақалпақ дәстаны" трилогиясы ҳаққында сол 90-жыллардың өзинде бирталай әдебий сын мийнетлер жәрияланды. Олардан үлкен қәлем ийеси А.Арипов, Москвалы сыншы А.Изюмский, М.Турсымуратов, жазыўшы ҳәм шайыр,

---

[60] Есенолв Ж. Жазыўшылардың әдебий сын дөретиўшилиги. "Әмиўдәрья", 1998, №1-2, 59-62 бб.
[61] Есенов Ж. Шайырдың әдебий сын көзқараслары. "Қарақалпақстан жаслары", 1995, 16-май.
[62] Есенов Ж. Әжайып инсан, жазыўшы ҳәм алым. "Еркин Қарақалпақстан", 1995, 11-февраль.
[63] Есенов Ж. Жазыўшының әдебий эстетикалық ойлары. "Қарақалпақстан жаслары", 1999, 29-апрель.
[64] Есенов Ж. Жазыўшының әдебий арзыўлары. "Еркин Қарақалпақстан", 2003, 13-декабрь.
[65] Есенов Ж. Академик-жазыўшы Абай ҳаққында. "Еркин Қарақалпақстан", 1995, 1-апрель.
[66] Есенов Ж. Академик-жазыўшының сыншылық ойлары. "Еркин Қарақалпақстан", 2000, 23-ноябрь.

сыншы да У.Пиржанов, жас қәлем ийелериниң бири Ә.Әбдимуратовлар бир қанша мийнетлер жәриялаған.

Сыншы Ҳ.Өтемуратованың буннан басқа да гүрриңлер,[67] XX әсирдеги қарақалпақ романына арналған[68] мақалаларында да анықлылық дәл фактлер де жетиспейди. Бул кемшиликлер тәжирийбели сыншы Қ.Султановтың улыўма прозаға арналған мақаласына да тән. Онда Ж.Әбдиреймов, К.Мусаев, Ә.Қудабаевтың повестьлери жүдә сайыз ҳәм қысқа, тәсирсиз талланады. Бундай мақалалар әдебий процесс, көпшилик оқыўшылар ушын да ҳеш бир пайда келтирмейди.[69]

Жас сыншы Ҳ.Өтемуратованың проза ҳаққындағы қысқа шолыў мақаласы сәтли шыққан. Онда Ш.Сейтовтың "Халқабад", А.Халмуратовтың "Тәғдирлес", С.Исмайловтың "Жүрек галактикасы" дөретпелерин қысқа ҳәм тәсирли, анық таллап, Ш.Сейтов дөретпесиниң алты түрли өзгешелигин улыўмаластырып береди. А.Халмуратов, С.Исмайловтың фантастикалық дөретпелери ҳаққында да батыл, дурыс пикир айтады, гүрриңлердиң жанр сыпатында артта қалып атырған әмелий мәселелерине дурыс күйинеди. Қарақалпақ прозасының бир тутас улыўма ортақ болған жети-сегиз түрли кемшиликлерин анық белгилейди. Мысалы: гүрриңниң артта қалыўы, қаҳарманлардың сайызлығы, олардың алдын-ақ кестеге (схемаға) қурыў, көркем психологизмниң жетиспеўи, тилдеги жарлылық, онда индивидуаллықтың жоқ екени, диалектизм, кәсиплик лекиска т.б. көринбеўи, қаҳарманлардың орынсыз көп сөзлилиги, бунда газета стилиниң басымлығы ҳ.т.б.

С.Баҳадырова да өзи шығып сөйлеген баянаты негизиндеги журналда жәрияраған шолыў мақаласында Ш.Сейтовтың "Халқабад", К.Мәмбетовтың "Ҳүждан", "Посқан ел", "Бозатаў" романларының бүгинги прозамызда басым салмаққа ийе екенлигин айрықша белгилейди.

Ш.Сейтовтың әдебий процесске ҳәм оқыўшылар арасына да 90-жыллары нағыз "от түсирген" шығармасы-"Жаман шығанақтағы Ақтуба" болды. Романның журнал яки басқа нусқалары жәрияланбай-ақ бирден томпақ китап түринде жарқ ете қалыўыда көпшиликти ойландырмай қоймады. Жәриялылық, қайта қурыў, демократия самалларының лебин бирден-ақ терең сезген бул дөретпеге оқыўшылар, әдебий сын да бирден түсинбеўи де заңлы қубылыс. Ол туўралы дәслеп оқыўшынын унамсыз пикири,[70] әдебиятшы сыншының да жазыўшының батыллығын дурыс түсинип, оны жанлы өмир менен дурыс салыстырып баҳалай алмаған мақаласы[71] жәрияланды. Бирақ сыншы Ж.Есеновтың жазыўшы позициясын толық қуўатлайтуғын. романды сол жыллардағы өмир, жәмийетлик қайта жаңаланыў, әдебий процесс, жеке жазыўшы шеберлиги менен дурыс ушластыра алған өткир рецензиясы басылып шықты ҳәм дөретпе мектеп бағдарламалары менен сабақлықларынан да тез орын алды.

Усыған уқсас ойларды жазыўшы ҳәм илимпаз С.Баҳадырова да айтқан еди.[72]

Жоқарыда көрсетилген К.Мәмбетовтың "Ҳүждан" романындағы жәмийеттиң жаналаныў руўхы, оның турмысқа жақынлығы, әдебий қаҳарманлардың прототиплери, жазыўшы шеберлиги ҳ.т.б. мәселелер әдебиятшы А.Пирназаровтың рецензиясында өз ўақтында дурыс айтылды.[73] А.Пирназаровтың бул рецензиясында көркем проза менен әдебияттағы жаңалыққа умтылыўшылықты жанлы пафос пенен қарсы алыў сезими айқын көзге тасланады. Бул қубылыс Ҳ.Өтемуратованың К.Мәмбетовтың "Посқан ел" романы ҳаққында жазған мақаласында да[74] айрықша баҳаланады.

---

[67] Өтемуратова Ҳ. Гүрриңди кимлер жазады? "Еркин Қарақалпакстан", 21-январь, 1995.
[68] Өтемуратова Ҳ. XX әсирдеги қарақалпақ романы. "Устаз", 6-январь, 2000.
[69] Султанов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ прозасы ҳаққында. "Еркин Қарақалпакстан", 26-январь, 1999.
[70] Әбдимуратов М. Шайырлар мақтап, жазыўшылар датлап атырғандай. "Еркин Қаракалпақстан", 10-август, 1993.
[71] Султанов Қ. Проза ма, яки басқа ма? "Қарақалпақстан жаслары", 7-январь, 1993.
[72] Баҳадырова С. Қайта қурыў ҳәм көркем әдебият. "Әмиўдәрья", 1990, №9, 102-бет.
[73] Пирназаров А. Ҳүждан менен жазылған "Ҳүждан". "Еркин Қарақалпақстан", 1991, 25-январь.
[74] Өтемуратова Ҳ. Толғаўдан эпопеяға. "Совет Қарақалпақстаны", 13-февраль, 1991.

Әдебиятшы К.Қурамбаев шайыр ҳәм прозашы Ә.Өтепбергеновтың "Дозақ ишинде"[75], сыншы Ж.Есенов жас талант ийеси А.Әбдиевтиң "Жин-жыпырлар уясы" романларының[76] идеялық, эстетикалық, поэтикалық өзгешеликлерин де сезген кемшиликлеринде дурыс көрсеткен. Сондай-ақ прозашы ҳәм әдебиятшы А.Әбдиевтиң С.Исмайловтың илимий-фантастикалық повесть ҳәм романы ҳаққында,[77] А.Султановтың "Дөҳмет" атлы ҳүжжетли романы туўралы әдебий сын дөретпелери де табыслы шыққан. Бирақ оның илимий фантастикалық проза ҳаққындағы мақаласы[78] талап дәрежесине төмен, талғамсыз ҳәм қысқа тәсирсиз аннотацияларға қурылған. Ал оны-"Жәмийет ҳақыйқатлығын ашып" мақаласында М.Нызановтың "Жат журттағы жети күн" повестиниң юморлық-фантастикалық сыпаты ҳәм негизги проблемалардың нағыз заманагөйлиги, қаҳарман образларының исенимлиги жүдә тәсирли мысал-текстлер менен жақсы ашылған.[79]

Белгили устаз профессорлардың бири, тилши илимпаз ҳәм әдебият жанкүйери Ж.Қайырбаевтың бир рецензиясында соңғы жыллары жүдә жақсы танылып киятырған прозашы Ж.Әбдиреймовтың "Суўдағы ай сәўлеси" повести айрықша бир эстетикалық талғам менен талланған.[80] Тап усы повесть тәжирийбели сыншылардың бири марҳум Қ.Султановтың мақаласында да[81] унамлы баҳаланған еди.

Шығарманың сюжетлик мазмунын, қурғақ баянлап бериў сыяқлы кемшилик Абат Әлиевтиң жазыўшы Ж.Сапаровтың "Султамурат бектиң тарланы" атлы романына жазған рецензиясына тән. Онда автор жазыўшы ҳәм әдебиятшы сыпатында да пикир жүритиў керек еди.[82]

И.Өтеўлиевтиң "Таста да гүллеген өмир" атлы рецензиясында А.Садықовтың "Таста да гүллейди…" романының социаллық активлиги, қаҳарманларының әдалат жолындағы ҳәрекетшеңлиги тәсирли мысаллар менен қызықлы, тартымлы тилде талланған. Романнан алынған текстлик дәлийллер жүдә сапалы.

Мине, 90-жыллардағы әдебий сынымыз усындай дөретпелердиң бар екенлигин көпшиликке хабарлап турыўы менен өз ўазыйпасын өтеп атыр. Ҳақыйқатында, әдебий сынның тийкарғы ўазийпасы әдебий процесстеги жаңалықларды көпшиликке хабарлаў. Сол себепли де патриотларша ҳәм объективлик пенен де бул дәўирде әдебий процесс ҳаққында К.Мәмбетов: "Ҳәзирги әдебиятымыз тепсинип турып қалды дегенге қосыла алмайман. Жаңа излениўшилер бар. Бирақ оларды тән алдырыў ушын әдебий сынымыз асығып атырған жоқ (туўра, унамлы мәниде-З.А.). Офицерлерге алпысқа шыққанша генерал атағын берилмейтуғыны сыяқлы жазыўшыларға да үлкен сын көз бенен қаралмақта"[83]-деп көрсетеди. Бул объектив пикир.

Ғәрезсизликтен соңғы дәўирде белгили сыншы әдебиятшы, жазыўшы-шайырларымыздан Т.Алланазаров, Қ.Султанов, Қ.Камалов, С.Аллаяров, К.Қурамбаев, Ж.Есенов, О.Сәтбаев, Б.Турсынов, И.Өтеўлиевлардың жаңа драмалық шығармалардың сахналастырылыўы ҳаққында рецензиялары, бир неше әдебий сыншылық портретлер, драматургияда творчестволық психологияның базы бир мәселелери, драмутгияның ишки гейпара теориялық ҳ.т.б. мәселелер ҳаққында бир қатар мақалалар жәрияланды.

Усылардың ишинде С.Аллаяровтың "Көклен батыр" драмасының дөреўи ҳаққында", Қ.Камаловтың "Шаҳсәнем-Ғәрипке" берип зейинди…" деген мақалалары көлемлилиги, пикирлериниң тереңлиги, материалларды кеңирек қамтып алыўы менен, ал екиншиси болса театр менен драма жаңалығына автордың пафослы қатнасы, ой-пикирлериниң тыянақлылығы ҳәм салдамлылығы менен өзине тартады.

---

[75] Қурамбаев К. Жақын өтмиштиң қара дақларын әшкаралаўшы роман. "Еркин Қарақалпақстан", 10-октябрь, 1993.
[76] Есенов Ж.-Әбдиев А. Шынлықты айтқан шығарма (диалог). "Қарақалпақстан жаслары", 9-ноябрь, 2000.
[77] Әбдиев А. Жас жанр аяққа турып атыр. "Жас Ленинши", 16-июль, 1991; Әбдиев А. Жазыўшының үлкен жанрдағы биринши тәжирийбеси. "Қарақалпақстан жаслары", 6-февраль, 1997.
[78] Әбдиев А. Қарақалпақ илимий фантастикасында экология машқаласы. "Әмиўдәрья", 1994, №10-12, 99-100 бб.
[79] Әбдиев А. Жәмийет ҳақыйқатлығын ашып…"Қарақалпақстан жаслары", 13-июль, 1995.
[80] Қайырбаев Ж. "Суўдағы ай сәўлеси" повести ҳаққында. "Еркин Қарақалпақстан", 29-октябрь, 1996.
[81] Султанов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ прозасы ҳаққында. "Еркин Қарақалпақстан", 26-январь, 1999.
[82] Әлиев А. Ақсақал жазыўшымыдың үлкен табысы. "Қарақалпақстан жаслары", 26-сентябрь, 1996.
[83] Мәмбетов К. Қайта қурыў ҳәм көркем әдебият. "Әмиўдәрья", 1991, №1, 88-бет.

С.Аллаяров белгили жазыўшы-прозашы, шайыр ҳәм драматург М.Дәрибаев дөретиўшилигиниң изертлеўшиси сыпатында[84] оның "Көклен батыр драмасы бойынша да көплеген материлларды топлап, терең үйренген. Бул мақала сол материаллар тийкарында жазылған болса керек …Сыншы ең алды менен Көклен батыр ҳаққында көплеген жазба ҳәм аўыз еки информаторлық дәреклерди пьесадағы драмалық образлар, сюжетлик ўақыялар менен пухта салыстырып қарайды. Бул арқалы образлардың, сюжетлик, детальлық моментлердиң ҳәм драматургтиң творчестволық қыялының өзгешеликлерин ашады.

Әдебий сынымыздың жеделли жанкүйерлериниң бири Қ.Камаловтың театр сахнасында А.Бегимов ҳәм Т.Алланазаровлардың "Ғәрип-ашық" пьесасының қайта қойылыўына байланыслы сын мақаласы жәрияланды.

Сыншының айтыўынша пьесаның жаңа қойылыўында (режиссер Б.Баймурзаев) "…сюжетинде реалистлик бағдар кушейтилген".[85] Сондай-ақ сыншы пьесаның сахналыстырылыўының көркемлик тәреплерине де өзи театр қәнигеси болмаса да бираз итибарлы пикирлер айтқан, актёрлардың атқарыўшылық шеберлигин де унамлы баҳалаған.

90-жыллардан соң драма сынына О.Сәтбаев қызғын араласады. Оның рецензиясы жас дараматург Қ.Халмуратовтың "Кеўил көлеңкеси" деп аталған жас тамашагөйлер театрында қойылған пьесасына арналған. Рецензиялық мақалада пьесаның қысқаша сюжетлик мазмунын бериў арқалы Мәжийт деген кисиниң рууҳый моральлық трагедиясы ашып берилген.

Шайырдың және бир рецензиялық сын пикири "Бес күнлик дүньяға исениў қыйын…" деп аталып, ол Қ.Мәтмуратовтың "Бес күнлик дүнья" деген драмасына арналған. Рецензияда шайыр-сыншының пьесаға байланыслы бир қанша тилек, усыныслары берилген. О.Сәтбаев пьеса конфликтин ҳәм қаҳарман образын қайнаған өмир, турмыс пенен терең салыстырып, конфликттиң исенимсизлигин дәлийллейди, драматургке дүзетиўи керек орынларды мәсләҳәт етеди.[86]

1991-жылдан баслап Нөкисте ҳәм Өзбекстан театрларында бир неше мәртебе қойылған М.Нызановтың "Еки дүньяның әўереси" комедиясына байланыслы баспа сөзде К.Қурамбаев ҳәм Ж.Есеновлардың еки рецензиясы шықты. Комедияның тексти автордың жеке китабында да жәрияланған еди. Сонлықтан да болса керек бул еки әдебиятшы да пьесаның сахналық тәреплерине онша итибар бермесе де, ал оның көркемлик, идеялық тәрепине дыққат аўдарады.

Сыншыларымыздың көрсетиўинше комедияның тематикалық актуальлығы менен бирге автор турмыстағы гейпара адамлардағы нәпысқаўлықты, тойымсызлықты, парахорлықты, улыўма пасық рууҳый әламатларды әшкаралаў творчестволық фантазиядан өнимли пайдаланып, тек ғана, реалистлик турмыс детальлары емес, ал "гәде соған жақынластырыңқырап, арттырып ҳәм бөрттириңкиреп, қыялый емес, түс көриўшилик…галлюцинациялық қубылыслар сыпатында да усылларды бир-бири менен қарыстырып, шебер синтезлеп берген".[87]

Газетада үлкен театрымыздың сахнасында аўдарма пьесаларды қойыў бағдарында драматург Айладур Уталиев тәрепинен қазақ драматурги Сутаналы Балғабаевтың "Қыямет еркек" спектаклине байланыслы да рецензиялық пикири жәрияланды.

Ең баслысы бул әдебий сын дәрежесине көтериле алмай қалған мақалада аталған пьесаға әдебий эстетикалық таллаў биротала жоқ десе де болады. Автор мақаланың басында өзи менен өзи сөйлескен, өзи менен өзи гүңренген бул дүнья, муҳаббат ҳәм инсан, инсан ҳәм меҳрибанлық ҳаққында улыўма көп сөзлилик пенен шекленген. Ол типтеги лирикалық шегинис типиндеги пролог қысқа, ықшам ҳәм талланған дөретпеге тығыз байланыслы анық ислетилсе орынлы болар еди. Ал бунда ол узыннан узақ, мақаланың тап ярымына шекем созылып кеткен, соңғы гәплер де улыўма фактологиялық баянлаўлар

---

[84] Аллаяров С. Мырзағалий Дәрибаевтың творчествосы. Нөкис,…
[85] Камалов Қ. "Шаҳсәнем-Ғәрипке берип зейинди". "Еркин Қарақалпақстан", 13-февраль, 1993.
[86] Сәтбаев О. "Бес күнлик дүнья"ға исениў қыйын. "Еркин Қарақалпақстан", 30-май, 1990.
[87] Есенов Ж. Тойымсыз инсапсызларды қаралаған комедия. "Қарақалпақстан жаслары", 5-ноябрь, 1998.

менен шекленген. Сөйтип ол өзиниң әдебий сын таллаў миннетин, өз ўазыйпасын орынлай алмаған. Усы газетада Ж.Оразымбетованың авторлығында Ш.Башбековтың "Темир қатын" спектаклине байланыслы жазылған мақалада[88] да усындай кемшилик басым ҳәм ол да әдебий ямаса театр сыны дәрежесине көтериле алмаған.

Биз сөз етип отырған жыллар ишинде әдебий сынымызда атақлы драматурглер Ж.Аймурзаев, С.Хожаниязовлар ҳаққында ҳәм белгили режиссёр, актёр, өнер изертлеўшиси, драматург Т.Алланазаровтың дөретиўшилиги туўралы Б.Турсынов, Т.Алланазаров, Қ.Султановлардың бир қанша унамлы дөретиўшилик портрет типиндеги мақалалары жәрияланды.

Өзи драматург ҳәм театр, драматургия қәнигеси сыпатында Т.Алланазаров өз еске-түсириў формасында жазған мақаласында С.Хожаниязовтың драматургликке қоса сазенделик, режиссёрлық, басшылық хызметлерин, оның минезиндеги аўыр салмақлықты, беккем шыдамды, өз мәпи емес, басқалар да емес, ал улыўма жәмийет, халық, мәмлекет мәпин, дәўирдиң мәплерин биринши орынға қойыўшылық сыяқлы ең ағла қәсийетлерин әпиўайы, бирақ исенимли, тәсирли фактлер менен ашады.[89]

Өз гезегинде көп санлы жасы киши шәкиртлериниң бири ҳәм әдебиятшы-сыншы сыпатында Қ.Султанов өз мақаласында Т.Алланазаровтың дөретиўшилик тулғасын ашыў ушын оған айрықша пафос берип, қызғынлық ендириў мақсетинде де эсселик сыпатлардан да пайдаланып, портрет мақаланы лирикалық пролог-шегинис пенен баслайды.

Театр сыншысы сыпатында Б.Турсынов тағы да әдебий жылдың жуўмағы ҳәм драмада конфликт ҳәм композиция мәселесине байланыслы мақалалары жәрияланды. Оларда, А.Уталиевтиң "Ерназар Алакөз" трагедиясын, Қ.Мәтмуратовтың "Өмирбек ҳәм тазша", "Әкели жетимлер", Б.Баймурзаевтың "Бәддиўа", Полат Айтмуратовтың "Сүйинши" пьесаларын таллаўға тартады. Мақалада барлық дөретпелер де жоққа шығарылады. Қ.Мәтмуратовтың пьесаларының кемшилигиниң баслы себеби туўралы: "Өмирбек ҳәм тазша" комедиясы көркемлик, әсиресе, композицялық жақтан пәс болып шыққан. Оның бас себебиниң бири Қ.Мәтмуратовтың драматургия жанрын теориялық жақтан билмегенлиги…"[90] деп көрсетеди. Және де ол басқа бир мақаласында да Қ.Мәтмуратовтың "Перзент" ("Әкели жетимлер") пьесасын таллаў ўақтында да…"Қ.Мәтмуратовтың аянышлы қәўипли, шийеленискен конфликтти тапқаны қуўанышлы, жетискенлик. Ал сол конфликттеги гүреслерди композицияның элементлерине бағындыра алмағаны…драматургтиң драма теориясынан онша хабары жоқлығын билдиреди"[91]-деп жазады.

Негизинде ҳәр қандай драматург те, ҳәр бир жазыўшы да теория бойынша таяр қәлип пенен жазбайды. Егер олай етсе, бул дөретпелер таяр қәлипке түсип кетери де сөзсиз. Турмыстың өзи конфликт, соның өзи композиция десек арзыйды. Сонлықтан сыншының бул пикирлери тийкарсыз. Сондай-ақ оның "Ерназар Алакөз" трагедиясы ҳаққында айтылған пикирлеринде де автордың идеалының әҳмийетине түсинбеўшилик бар.

Сонлықтан да, белгили шайыр, прозаик ҳәм драматургия белсендиси К.Рахманов улыўма усы жанрдың әззилигин мойынлаў менен бирге театр сыншыларына өз наразылығын жасырмай былай деген: "Мен театр критикасына наразыман". Газета-журналлар олардың қәте түсиниклерин үлкен мақала етип баса бермеў керек…Тамашагөйлерге унаған спектакльлер оларға унамайды. Адам бармайтуғын спектакльлерди көкке көтереди. Сөйтип адамларды шатастырыўға урынады".[92]

Әлбетте, бул пикирлер шынлыққа тийкарланған.

Улыўма 90-жыллардағы драматургия сынының жағдайы, усындай характерге ийе. Олар халқымыздың еки театрында биз негизге алған онлаған жыллар ишинде сахнаға қойылған пьесалардың тек ғана санын, көлемин (аўдармаларды айтпай-ақ) есапқа алғанда,

---

[88] Оразымбетова Ж. "Темир қатын" ҳәм тамашагөй. "Еркин Қарақалпақстан", 1-май, 1990.
[89] Алланазаров Т. Сазенде ҳәм драматург. "Совет Қарақалпақстаны", 3-ноябрь, 1990.
[90] Турсынов Б. Драматургия-89. "Амиўдәрья", 1990, №6, 91-бет.
[91] Турсынов Б. Драматургиямызда конфликт ҳәм композиция мәселелерине. "Амиўдәрья", 2000, №1, 90-бет.
[92] Худайбергенов Ж.-Рахманов К. Театр, драматургия ҳәм тамашагөй. "Жас Ленинши", 3-апрель, 1990.

поэзия, проза сынына салыстырғанда да еле талаптан төмен. Буның объектив ҳәм субъектив себеплери де бар. Әлбетте, бул сахнаға шыққан барлық дөретпелерге сын пикирлер айтылыўы шәрт дегенди аңлатпайды. Бирақ, жақсы, унамлы дөретпелер ертели-кеш өз баҳасын алады.